**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**МАГИСТРАТУРА БӨЛИМИ**

*Қол жазба ҳуқықында*

**«Мәмлекетлик ҳуқық ҳәм басқарыў» кафедрасы**

**МАТКАРИМОВА САРБИНАЗ ДАУЛЕТБАЕВНА**

# “Өзбекстанда суд-ҳуқық системасын реформаластырыў шәраятында прокуратура уйымларының жумысын жетилистириў мәселелери» темасындағы магистрлик диссертациясы

**МАК да жақлаўға рухсат**
**Магистратура бөлими баслығы**
**___________ю.и.к, доц. А. Гулимов**

**Кафедра баслығы**
**___________ю.и.д,проф. Е. Қутыбаева**

**Илимий басшы:**
**Юридика илимлери докторы,**
**профессор**
**Е. Қутыбаева**

**Нөкис-2012**

МАЗМУНЫ

Кирисиў

1 бап. Өзбекстан Республикасында прокуратура уйымларының мәмлекетлик уйымлар системасында тутқан орны.

§ 1. Өзбекстан Республикасында прокуратура уйымларының қәлиплесиўи ҳәм оның раўажланыў басқышлары.

§ 2. Ҳәзирги ўақытта прокуратураның мәмлекетлик уйымлар системасында тутқан орны.

11 бап. Өзбекстан Республикасында прокуратура уйымлары хызмети ҳәм оны жетилистириў мәселелери.

§ 1. Өзбекстан Республикасында прокуратура уйымлары хызметиниң тийкаргы бағдарлары.

§ 2. Өзбестан Республикасында прокуратура уйымлары хызмети ҳәм оны жетилистириў мәселелери.

Жуўмақлаў

Пайдаланылған әдебиятлар дизими

# КИРИСИЎ

**Теманың актуаллығы.** Өзбекстан Республикасы демократия ҳәм социаллық әдалатқа тийкарланған ҳуқықый демократиялық мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийетин қурыў ушын зәрүр реформаларды әмелге асырмақта. Мәмлекетимизде әмелге асырылып атырылған суд-ҳуқық тараўындағы реформалардың мақсети Конституциямызда, нызамларымызда ҳәм улыўма тән алынған ҳалықаралық ҳуқықый принциплер ҳәм нормаларда беккемленген инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў, оның өмири, ден-саўлығы ҳәм қол қатылмаслығын, қәдир-қымбатын ҳәм басқа да нызамлы мәплерин қорғаўдың нәтийжели механизмлерин қәлиплестириўден ибарат.

Конституция ҳәм нызам үстинлигин тәмийинлеў бүгинги күнде реформалардың нәтийжелилигин тәмийинлеўдиң әҳмийетли факторы болып табылады. Сонлықтан Президентимиз Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының 2010-жыл 12-ноябрде болып өткен қоспа мәжилисиндеги баянатында: «Мәмлекетимизди демократиялық жаңалаўдың бүгинги басқыштағы ең әҳмийетли бағдарлардан бири бул – нызам үстинлиги ҳәм нызамлылықты беккемлеў, шахс ҳуқықы ҳәм мәплерин исенимли қорғаўға қаратылған суд-ҳуқық системасын избе-из демократияластырыў ҳәм либералластырыўдан ибарат[1]», – деп атап өткен еди. Атап айтқанда, демократиялық жәмийетте арнаўлы пуқаралар емес, ал олардың ҳуқық ҳәм нызамлы мәплериниң қай дәрежеде қорғалып атырғаны прокурор бақлаўының предмети сыпатында белгиленди. Прокуратура уйымлары пуқаралардың ҳуқықларының кемситилиўине жол қоймаў мақсетинде басқарыў ҳәм қадағалаўшы уйымлардың ҳуқықый ҳүжжетлериниң нызамлылығын тексерип барыўы тийис. Сол менен бирге, арнаўлы аймақта нызамлылық жағдайы, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлери, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң нызамлы мәплериниң қорғалыўының тәмийинлениўи прокуратура уйымлары хызметин баҳалаўдың тийкарғы өлшеми есапланады. Өзбекстан Республикасы прокуратура уйымларының роли ҳәм әҳмийети жүдә үлкен; прокуратураның бақлаў хызмети мәмлекет ҳәм жәмийет турмысының ҳәр түрли тараўларын өз ишине қамтыйды. Оның нәтийжели ҳәм мақсетке муўапық түрде алып баратуғын жумысына көбинесе пуқаралардың ден-саўлығы, өмири, сондай-ақ, кәрхана, мекеме, шөлкемлердиң, мәмлекет ҳәм жәмийет турмысының басқа субъектлериниң тынышлығы ҳәм қәўипсизлиги, жәмийетлик тәртип, Өзбекстан Республикасында әмелге асырылып атырған сиясий, экономикалық ҳәм социаллық өзгерислерге тиккелей байланыслы. Соның ушын прокуратураның статусы, оның раўажланыўы ҳәм жетилисиўи жүдә әҳмийетли, қурамалы

[1] «Еркин Каракалпакстан», 2010 жыл, 16-ноябрь.№137

ҳәм көп тәреплеме машқала есапланып, ҳәзирги экономикамыздың реал имканиятларынан келип шығып, жәмийетимиз ҳәм ҳуқықый системамыздың ҳақыйқый мүтәжликлерин ҳәмде миллий ҳуқықый әдетлеримизди есапқа алған, арттырылған тәжирийбелеримизге таянған ҳалда шешилиўи керек екенлигин талап етеди. Ҳуқық қорғаў уйымларының ҳәзирги дәўирге сәйкес тәризде жумыс алып барыўын тәмийинлеў ҳуқықтаныўшы алымлардың алдына қойылған әҳмийетли ўазыйпалардың бири. Өзбекистанда прокуратура уйымларының өзине тән тәреплерин үйренип шығыў ҳәм анализлеў ҳәзирги дәўирдиң актуал мәселелеринен бири. Себеби, пүткил дүньяда жүз берип атырған суд-ҳуқық реформалары ҳеш бир мәмлекетти шетлеп өтпейди. Әсиресе, ғәрезсизликти енди қолға киргизген мәмлекетлерде бар болған нызамшылықты жаңадан реформалаў ҳәм нызамшылықтағы бослықларды жаңа нызам-қағыйдалар менен толтырыў әҳмийетли мәселе болып қалмақта.

Прокуратура хызмети пүткил дүньяда жүдә уқсас, оларды тийкарынан жумыс бағдарлары байланыстырып турады, бирақ олардың бир-биринен өзгешелик тәреплери де жоқ емес.

Мәселен, бурынғы СССР қурамынан ажыралып шыққан ҒМДА мәмлекетлериниң жынаят нызамшылығы ҳәм жынаят-нызамшылық тараўларын реформалаў заманның талабы есапланады, себеби ески догматик нызамлар менен ҳәзирде ислеп болмайды. Буны өз ўақтында дурыс аңлаған Президентимиз И.А. Каримов ҳуқық қорғаў уйымлары алдына бир қатар әҳмийетли ўазыйпаларды қойды. Атап айтқанда, халық мәпи ҳәм жәмийеттиң раўажланыў стратегиясына сәйкес келиўши нызамларды жаратыў ҳәмде турмысқа енгизиў бас ўазыйпаларымыздан бири сыпатында тән алынды. Реформаластырыў процессинде болса раўажланған айырым сырт ел мәмлекетлериниң тәжрийбелерин үйрениў жүдә әҳмийетли есапланады.

Өзбекстанда басқышпа-басқыш ҳәм системалы түрде әмелге асырылып атырған суд-ҳуқық реформалары да мәмлекетлик ҳәкимият системасын демократияластырыўдың ажыралмас бир бөлеги болып табылады. Суд-ҳуқық тараўын еркинлестириў барлық ҳуқық қорғаў уйымлары жумысын, атап айтқанда прокуратура, әдиллик, ишки ислер уйымлары, бажыхана ҳәм салық уйымлары жумысларын нәтийжели шөлкемлестириўди күн тәртибине коймақта. «Демократияластырыў процесслери прокуратура жумысын да реформалаўды талап етеди. Прокуратура уйымлары жумысын белгилеўши ҳуқықый тийкарлар жетилистирилди. Прокуратураның ҳуқықты қорғаўшы ўәкилликлериниң күшейттирилиўине үлкен дыққат қаратылды. Нәтийжеде «қаралаўшылық» ўазыйпаларын атқарып келген прокуратура уйымлары жаңа нызамға муўапық пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлери, жәмийет ҳәм мәмлекет мәплериниң қорғаўшысы сыпатында тән алынды».

Солай етип, жәмийет раўажланыўының ҳәзирги басқышында суд-ҳуқық реформаларының системалы ҳәм избе-из даўам еттирилиўи дәўир талабы болып есапланады.

**Теманың изертленгенлик дәрежеси.** Прокуратура уйымлары хызмети ҳәм прокурор бақлаўына байланыслы изертлеўлер тарийхый жақтан көп ғана ҳуқықтаныўшы алымлар ҳәм әмелиятшылырдың дыққат орайында болып келген. Атап айтқанда, С.Г.Новиков, М.Ю. Рагинский, В.Д.Ломовской, В.Г. Мелкумов, сыяклы рус алымларының жумыслары совет прокуратурасының «апологетика»сына арналған[2]. Өзбекстанда прокуратура уйымларының жумысын шөлкемлестириў мәселелерине XX әсирдиң 60-70 жылларда өзлериниң изертлеў жумысларын В.Р. Маннанов ҳәм М. Қ. Қасымовалар[3] арнаған болса, ғәрезсизлик жылларында прокуратураның атқаратуғын хызмети ҳәм оның мәмлекетлик ҳәкимият системасында тутқан орны мәселелерине байланыслы изертлеў жумысларын О.Р.Оқилов, Б.Х.Пўлатов, А.Ж.Давлетов, У.Т.Таджиханов, М.Ҳ.Рустамбоев, И.К. Жасимов, Ғ.А.Абдумажидовлар[4] алып барган.

Биз усы магистрлик диссертациямызда Өзбекстанда прокуратура уйымларының ҳуқықый хызмети ҳәм оның өзине тән тәреплерин ҳәр тәреплеме анализлеўге ҳәрекет еттик.

**Изертлеўдиң мақсет ҳәм ўазыйпалары**. Магистрлик диссертациясының тийкарғы мақсети Өзбекстан Республикасы прокуратура уйымлары тараўына тийисли мәселелерди теориялық жақтан үйренип шығып, үйренилген сораўлар бойынша келип шыққан машқалаларга жуўап излеўден ҳәм демократиялық ҳуқықый мәмлекет қурыў дәўиринде нызам үстинлигин тәмийинлеўде прокуратураның суд-ҳуқық реформаларын әмелге асырыўдағы орны ҳәм ролин анализлей отырып, бул уйымның келешектеги статусын есапқа алған ҳалда, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўшы мәмлекетлик уйым сыпатында өзине тән бақлаўды әмелге асырыў хызметин бийғәрез илимий бағдар сыпатында үйренип, сырт ел ҳуқықый тәжрийбесинен пайдаланып, әмелдеги

---

2 Новиков С.Г., Рагинский М.Ю. Прокуратура в системе советского государственного аппарата //Правоведение, 1974,-№3.45-46 с.; Ломовской В.Д. Прокурорско-надзорные правоотношения.-Ростов: Изд-во Ростовского ун-та, 1987.-68 с.; Мелкумов В.Г. Советская прокуратура и проблемы общего надзора.-Душанбе. 1070.

3 Маннанов В.Р. Борьба за укрепление социалистической законности в Туркестанской АССР и создание советской прокуратуры: Дис.канд.юрид.наук.-Т., 1967; Қасымова М. Создание и развитие советской прокуратуры в Узбекистане: Дис.канд.юрид.наук.-Т., 1965; Она же. Прокуратура Узбекской ССР на страже социалистической законности.-Т.: «Фан», 1965.

4 Оқилов О. Парламент назорати ва прокурор назорати-ҳамкорлик шакллари ва муаммолар// Давлат ва ҳуқуқ.-Т., 2002-№2; Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати.-Т.: «Ўзбекистон», 2009.-624 б.; Давлетов А.Д. Прокурорский надзор. Учебник.-Нукус: «Билим», 1999.-320 с.;Таджиханов У. Закон.Человек.Государство.-Т.,1997.-239 с.; Рустамбоев М.Х. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси ва прокуратура.-Т.:2005.-84 б.; Абдумажидов А. Роль прокуратуры в применении мер принуждения// Давлат ва ҳуқуқ.-Т.?1991.-247 с.; Жасимов И.К. Суд-ҳуқуқ ислоҳатлари ва инсон ҳуқуқлари ҳимоясидаги прокуратуранинг бугунги кундаги ўрни.-Т., ТДЮИ, 2004.-120 б.

нызамшылықты жетилистириўге тийисли усыныслар ислеп шығыўдан ибарат. Бул мақсет изертлеўдиң:

- Өзбекстан Республикасында прокуратура уйымларының қәлиплесиўи ҳәм оның раўажланыў басқышларын көрсетип бериў;

- Өзбекстан Республикасы «Прокуратура ҳаққында»ғы нызамының улыўма сыпатламасы ҳәм қәсийетлерин көрсетип бериў;

- дуньяда прокуратура уйымларының миллий ҳуқык системасында тутқан орнын анықлаў;

- суд-ҳуқык реформалары дәўиринде ҳәм нызам үстинлигин тәмийинлеўде прокуратураның ҳуқықый статусын жетилистириў мәселесин анализлеў;

- Өзбекстан Республикасы прокуратурасының бүгинги күндеги ҳуқықый тийкарларын анализлеў;

- Өзбекстанда прокуратура уйымлары хызметиниң тийкарғы бағдарларын анықлаў ҳәм анализлеў;

- Өзбекстанда прокуратура уйымларының ҳуқықый статусын ашып бериў сыяқлы ўазыйпаларды өз ишине қамтыйды.

**Изертлеў объекти** болып Өзбекстан Республикасы прокуратура уйымлары, оның тарийхый қәлиплесиў басқышлары, ҳәзирги ўақыттағы ҳуқықый жағдайы, Өзбекстан Республикасы прокуратурасы хызметиниң тийкарғы бағдарлары ҳәм олардың өзине тән тәреплери болып есапланады.

**Изертлеў предмети** Өзбекстан Республикасында прокуратураның ҳуқықый статусы, оның функционал хызмети ҳәм прокуратура уйымлары хызметине байланыслы нызамшылық ҳүжжетлери ҳәм усы темаға байланыслы юридикалық ҳәм тарийхый дереклер есапланады.

**Изертлеў нәтийжелерин апробация етиў.** Изертлеў нәтийжесинде алынған илимий жуўмақлар, усыныслар диссертация темасына байланыслы 4 мақалада өз сәўлелениўин тапқан ҳәм бул мақалалар илимий-әмелий конференция материаллары топламларында басып шығарылған.

**Диссертацияның дүзилиси ҳәм көлеми.** Диссертация кирисиў, төрт параграфты өз ишине алған еки бап, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен ибарат.

## 1 бап. Өзбекстан Республикасында прокуратура уйымларының мәмлекетлик уйымлар системасында тутқан орны.

### § 1. Өзбекстан Республикасында прокуратура уйымларының қәлиплесиўи ҳәм оның раўажланыўы басқышлары.

Прокуратура уйымларының қәлиплесиў тарийхына нәзер тасласақ, прокуратура дәслеп XIV әсирде Францияда пайда болғанына гуўа боламыз. Дәслеп ол мәжбүрлеўши ҳәм жазалаўшы уйым болып есапланған. Франциядағы прокуратура системасынан дүньядағы көпшилик мәмлекетлер үлги алған. Сол ушында басқа мәмлекетлерде прокуратура әсте-ақырын қәлиплести. Бирақ ўақыттың өтиўи менен оның хызмети ҳәм мақсети өзине тән тәризде өзгерди. Бүгинги күнде прокуратура ең дәслеп инсанлардың бузылған ҳуқықларын тиклеўши ҳәм нызамлардың мәмлекет аймағында қалай әмелге

асырылып атырғаны үстинен бақлаўды әмелге асырыўшы уйымға айланды. Ҳәзирги заманагөй дәўирде бирден-бир моделге ийе прокуратура уйымы жоқ. Бул өз гезегинде ҳәр түрли моделге ийе прокуратуралардың бар екенлигинен дерек береди. Мәселен, айырым мәмлекетлерде прокуратура атқарыўшы ҳәкимият қурамына кирсе, басқаларда атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимияты ортасындағы уйым есапланады. Бул әлбетте, сол мәмлекетте қәлиплескен тарийхый шәрт-шәраят, социаллық ҳәм сиясий жағдай ҳәм оның миллий дәстүрлерине де байланыслы.

Өзбекстанда прокуратура уйымларының раўажланыў тарийхын төрт дәўирге бөлип қараймыз. Биринши дәўир-XIX әсирдиң екинши ярмынан 1917-жылғы октябрь революциясына шекемги ўақытты өз ишине алады. Екинши дәўирге прокуратура системасы қәлиплескен 1917-1924-жыллар киреди. Үшинши дәўир-1924-1991-жылларды өз ишине қамтыйды. Төртинши дәўир болса өз ишине Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик ғәрезсизлиги жәрияланғаннан баслап усы күнге шекемги аралықты өз ишине алады.

Өзбекстанда прокуратураның қәлиплесиў тарийхы соннан дерек береди, XIX әсирдиң екинши ярымына келип Патша Россиясы тәрепинен Бухара әмирлиги, Хийўа ҳәм Қоқан ханлықларынан ибарат Орта Азияны басып алғанға шекем бул жерде прокуратура деп аталган уйым болмаган. Орта Азияда прокуратура деп аталған уйым ҳәм прокурор деп аталған лаўазымлы шахс болмаған болсада, шәрият нызамларының орынланыўы үстинен бақлап турыўшы арнаўлы лаўазым ҳәм бул ўазыйпаны әмелге асырыўшы шахслар болган. Бизге тарийхтан белгили халықтың мәнәўияты, мәденияты, турмыс дәрежеси көтерилип барған сайын инсан ҳуқықларын қорғаўды кепиллик бериўге болған итибар да жоқарылап барды. Ислам тарийхының гуўалық бериўинше, VII әсирде-ақ инсан ҳуқықларының қорғалыўына тийкарланған система пайда болған. Ҳалифа Омар (р.а) тәрепинен шағымларды көрип шығыў ҳәм даўларды шешиў ушын ***Муҳтасиб*** лаўазымының шөлкемлестирилгени бул пикиримиздиң дәлийли[5].

«Муҳтасиб» сөзи араб тилиндеги «ҳасаба» фейилиниң тийкарынан алынган. Оның ат формасы «ҳисба»- есап-китап, үлес, сыйлық, өлшем, аўырлық өлшемлерин бақлап барыўшы лаўазым мәнисин билдирген. Муҳтасибтиң ҳәрекет аты формасы «ихтисоб» сөзи есап, есаплаў, кеўли толыў мәнислерин билдирсе, муҳтасиб өлшем ҳәм аўырлық өлшемлерин бақлаўшы лаўазымлы шахс, инспектор мәнисинде пайдаланылады[6].

Қуръани Каримниң «Али Имран» сүресиниң 104-аятында «Аллатаала тәрепинен жақсылықты буйырыўшы ҳәм жаманлықтан қайтарыўшы шахслардың болыўы керек

---

[5] Дин Готтер. Омбудсман ҳамда демократлаштириш ва инсон ҳуқуқлари, №1. 1999. 27-28 б.
[6] Лисон ал-Араб, 3-китап, Бейрут-1997. 164 б.

екенлиги» ҳаққында айтып өтилген. Аллатааланың өзи инсанлар арасында ҳәр түрли бузғыншылықлар, жәбир-зулымлықлар ҳәм ҳарам ислердиң алдын алыў мақсетинде инсанларды жақсылыққа баслаўшы ҳәм жаманлықлардан бас тартыўға шақырыўшы адамлар топарының болыўын буйырған.

Жоқарыдағы аяттан, жақсылыққа шақырыў ҳәм жаманлықтан қайтарыў тек ғана Муҳтасибтиң емес, ал барлық мусылманлардың ўазыйпасы екенлиги де түсиниледи. Бул ўазыйпаны ерикли түрде орынлаўшылар ***мутатаввиъ*** деп аталады.

Муҳтасибтиң мутатаввиъден өзгешелигин ҳәм үстинлигин Мовардий[7] былай баян етеди:

1. Муҳтасиб ҳәм ҳисбаның басқа ағзалары да мәмлекет басшысы ямаса ҳәкимият уйымлары тәрепинен тайынланады. (Ҳәзирги бизиң нызамшылығымызға нәзер тасласақ, Бас прокурор ҳәм оның орынбасарлары Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен тайынланып, Сенат тәрепинен тастыйықланады. Ўәлаят прокурорлары ҳәм оларға теңлестирилген прокурорлар Өзбекстан Республикасы Бас прокуроры тәрепинен тайынланады);

2. Аятта келтирилген жақсылыққа шақырыў ҳәм жаманлықтан қайтарыў олардың тийкарғы ўазыйпасы болып, адамлар жақсы адамлардан узақласқанда, оларды жақсылыққа шақырыўға жуўапкер есапланады. (Прокуратура хызметиниң тийкарғы бағдарларынан бири жәмийетте ҳуқықый мәдениятты қәлиплестириў, ҳуқықый үгит-нәсият болып табылады);

3. Муҳтасиб өзине жүклетилген ўазыйпаны орынламағанда жуўапкершиликке тартылады. (Прокурорлар тәрепинен де өз хызмет ўазыйпасын тийисли дәрежеде орынламағаны ушын интизамый ҳәм жынайый жуўапкершиликке тартылыў мүмкиншилиги нызамда нәзерде тутылады);

4. Муҳтасиб садыр етилип атырған унамсыз ислерди анықлаўы, оларды қайтарыўы ҳәм жақсы әмеллерди ашық түрде тәрик еткенлерди таўып, оларға буйырыўы керек (жынаят ямаса басқа нызамбузылыў жағдайларының алдын алыў ҳәм оларды келтирип шығарған шәрт-шәраятларды сапластырыў ўазыйпасы прокурорға жүклетилген);

5. Муҳтасиб усы тийкаргы ўазыйпаларды толық әмелге асырыўы ушын өзине жәрдемши жаллаўы мүмкин. Жәрдемшисине қаттықол ҳәм қатаң мүнәсибетте болыўы шәрт. (Прокурорлардың әмелдеги прокуратура жумысын белгилеп бериўши көрсетпе ҳәм Режелерине муўапық жәрдемшилери ҳәм аға жәрдемшилери бар).

Ҳисба системасы пақыр ҳәм әззи адамларды қорғаў ҳәм мүсәпирлердиң ҳуқықларын қорғаўшы мекеме ўазыйпасын атқарған.

---

[7] Ал-Мовардий. Ал-ахкоми ас-султония.

Прокуратура уйымларының да тийкарғы ўазыйпаларынан бири пуқаралардың мәплерин қорғап, судта олардың атынан ўәкиллик етиўи, олардың мәплери жолында даўа арзасы менен мүрәжат етиў есапланады.

Көринип турғанындай, мәмлекет ҳәм жәмийет, инсан ҳәм пуқаралардың ҳуқықларын тәмийинлеўши нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаў ўазыйпасы Орта Азияда XIX әсирде емес, ал буннан 1200 жыл бурын да арнаўлы шахслар тәрепинен әмедге асырылған. Прокурор, прокуратура деген терминологиялардан пайдаланылмаған болсада, әлбетте өз дәўирине жараса жәмийеттеги нызамлардың орынланыўын бақлап турыўшы мәмлекетлик уйымлар тәрепинен бул ўазыйпа әмелге асырылған. Соның ушын Орта Азияда туўрыдан-туўры прокурор бақлаўы терминологиясының қолланылыўы 1867-жылда қабыл етилген Түркистан үлкесин басқарыў ҳаққындағы ўақтынша Нызам жойбарында ғана нәзерде тутылған. Бирақ, бул дәўирде прокуратура арнаўлы уйым сыпатында еле қәлиплеспеген еди. Прокурор ўазыйпасын өз басламалары менен әскерий губернаторлар атқарған.

1887-жыл Әдиллик министриниң буйрығына муўапық Россия әдиллик министрлигине ҳәкимшилик тәртипте бойсыныўшы Сырдарья, Жаңа Марғылан, Самарканд, Верненск ўәлаят судлары жанында прокуратуралар шөлкемлестирилген. Патша Россиясының Түркистандағы прокуратурасы ҳәкимшилик-аймақлық принципине тийкарланып шөлкемлестирилген еди. Округ суды жанындағы прокурор суд палатасындағы прокурорға бойсынатуғын еди, ол болса өз гезегинде-тиккелей Әдиллик министрине бойсынар ҳәм оның алдында есап беретуғын еди. Барлық прокурорлар патша тәрепинен лаўазымына тайынланатуғын ҳәм лаўазымынан азат етилген[8].

Түркистандағы прокуратура Патша Россиясы прокуратурасының тийкарғы қурамлы бөлеги есапланып, нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаўды әмелге асырған. Прокуратура уйымлары хызметкерлериниң кем болғанлығы, олардың жергиликли халықтың тилин, үрп-әдетлерин билмеслиги, олар мәплериниң бирдей емеслиги прокуратура уйымлары хызметкерлери менен жергиликли халық арасында жақсы қатнасықты келтирип шығармаған. Россия прокуратурасының шөлкемлестирилиўи Россиядағы Пётр 1 тәрепинен әмелге асырылған мәмлекетлик реформалар менен байланыслы еди. Ҳүкимет Сенатының шөлкемлестирилиўи менен нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаўды әмелге асырыў мақсетинде арнаўлы уйымды қәлиплестририў зәрүрлиги пайда болды. Дәслеп бул институтлар фискаллар еди, кейиншелик болса прокурорларға айландырылды.

---

[8] Махбубов М. Узбекистонда прокуратура уйымларини ташкил этилиши ва ривожланиши. Юридик фанлари доктори илмий унвонини олиш учун ёзилган диссертация-Тошкент. 1993 й.

Бас прокурор лаўазымының енгизилиўи 1722-жылда Пётр 1 тәрепинен әмелге асырылды. Бас прокурорға Сенат жумысындағы нызамшылық, кейиншелик болса барлық мәмлекетлик уйымлар тәрепинен нызамға бойсыныў үстинен бақлаў ўазыйпасы жүклетилди. Нызам бузылыў жағдайы анықланған болса, Бас прокурор усы нызамбузылыў жағдайын сапластырыўды дәслеп усыныс етиўи, усыныс орынланбағанда болса «протест келтириўи ҳәм бул исти тоқтатыўы» керек еди. Ўақыттың өтиўи менен прокурорлар мәмлекетлик хызметте айрықша орын ийелей баслады. Прокурорлар корпусы пайда болды. Прокурорлар сенат тәрепинен генерал-губернаторлардың усынысына муўапық сайланған. Олар орайлық ҳәм жергиликли мекемелер жумысы үстинен бақлаў алып баратуғын ҳәм анықланған кемшиликлер ҳаққында генерал-губернаторға есап берген. Нызам бузылыў жағдайын анықлаган прокурор дәслеп аўызеки түрде усы нызамбузылыў жағдайын сапластырыўды усыныс етер, егер усыныс орынланбаса, онда усы нызам бузылыў жағдайын сапластырыў ушын ўәкилликли уйымға, оннан соң болса тийисли президиумға ямаса Сенатқа жазба түрде протест киритилген. Нызамсыз ҳүжжетке қарата киритилген протест усы ҳүжжеттиң ҳәрекет етиўин тоқтатып қойған. Егерде нызам бузылыў жағдайы ҳаққында жоқары турыўшы прокурорға келип түссе, онда ол исти тез ҳәм дурыс шешиў шараларын көриўи шәрт еди.

Шама менен усы ўақытлары орайлық прокуратуралар менен бирге губерния прокуратуралары шөлкемлестириледи, олардың басланыўына сарай ҳәўли (надворный) судлары прокурорларының шөлкемлестирилиўи себеп болды. Әдиллик министрлигиниң (1802-ж) шөлкемлестирилиўи менен әдиллик министри бир ўақыттың өзинде генерал прокурор лаўазымын да ийелей баслады, губерния прокуратурасы болса әдиллик министриниң орынлардағы уйымына айлана баслады.

1864-жылы прокуратура «судлар жанындағы орынлар»да бақлаў ўәкиллигин қолға киргизди. 1864-жыл 20-ноябрден баслап прокурор бақлаўын обер-прокурорлар, прокурорлар ҳәм генерал-прокурор есапланған әдиллик министриниң жоқары бақлаўы астындағы олардың дослары алып бара баслады. Мине усы ўақыттан баслап төменнен жоқарыға бойсыныўшы, бирден-бир басшыға ийе ҳәм жергиликли, ҳәкимшилик ҳәм де суд уйымлары институтларынан бийғәрез болған прокуратура уйымының тийкары пайда бола баслады.

Прокуратура усы формада 1917-жылға шекем ҳәрекет етти. Судлар ҳаққындағы №1 Декрет пенен прокуратура сапластырылды. Оның жумысы төрт жылдан көбирек ўақыт даўамында қайта тикленбеди. Прокуратураның шөлкемлестирилиўи ҳаққындағы пикирлерди совет мәмлекетиниң бес жыллық тәжрийбесинен соң излеў керек болады.

Тарийхый тәжирийбе нызамшылық үстинен бақлаўды әмелге асырыўшы бийғәрез уйым-прокуратураны шөлкемлестириў зәрүрлиги ҳаққындағы пикирге алып келеди.

Ҳәр бир тармақты басқарыўда шөлкемлестирилген бақлаў нызамлылықты тәмийинлеў ушын жетерли кепилликлерди жаратпайтуғын еди, себеби ол басқармалық шөлкем еди. Уезд атқарыўшы комитетлери ҳәм ўәлаят атқарыўшы комитетлерин әдиллик бөлимлерине жүклетилген нызамшылыққа бойсыныў үстинен бақлаў да оншелли нәтийжели емес еди. Мәмлекет алдында нызамлардың анық орынланыўы үстинен бақлаўды жетилистириў ўазыйпасы пайда болды, себеби усы күнге шекем әмелде болған нызамлылықты тәмийинлеў системасы өзин ақламады, ол нызамлылық ушын алып барылып атырған мақсетли гүрести тәмийинлей алмады. Нызамлылықты әмелге асырыўшы орайлық ҳәкимият атынан ҳәрекет етиўши бирден-бир усылға ийе болған ҳәм жергиликли ҳәкимиятқа бойсынбайтуғын арнаўлы шөлкемди шөлкемлестириў зәрүрлиги пайда болды.

Түркистан АССР ның мәмлекетлик прокуратурасын шөлкемлестириў ҳаққындағы декрет жойбары үстинде жумыс 1922-жылдың басында ҳәўиж алып кетти. 1922-жыл 9-майда Түркистан Республикасы Совнаркоми ҳәм Орайлық Атқарыў Комитети 1922-жыл 3-июньде нызамлы күшке кирген Түркистан АССР ның мәмлекетлик прокуратурасы ҳаққындағы Нызамын тастыйықлады. 1922-жылдың июнь айында Түркистан АССР да прокуратура ҳәм орайда ҳәм орынларда шөлкемлестириле баслады.

Түркистанда прокуратураның шөлкемлестирилиўи усы аймақта мәмлекетлик хызметтиң сапалы болған жаңа формасын ҳәм принципиал жаңа мәмлекет функциясының пайда болыўына себеп болды. Прокуратура уйымларына улыўма бақлаўдан тысқары, ҳәр қандай лаўазымлы шахсқа қарата өз басламасына муўапық та, арза ҳәм шағымларға муўапық та суд қуўдалаўын қозғаў ҳәм сол шахсларды услаў ўәкиллиги берилди. Нызамға муўапық пүткил прокуратураның басында Түркреспублика прокуроры есапланған-әдиллик комиссары турған.

Тиккелей прокурор бақлаўын әдиллик Нозиратының прокуратура бөлими әмелге асыратуғын ҳәм төмендеги ўазыйпаларды атқаратуғын еди:

- мәмлекет атынан барлық ҳәкимият уйымлары, хожалық мекемелери, жәмәәтлик ҳәм жеке кәрханалардың ҳәрекетлериниң нызамлылығы үстинен бақлаўды әмелге асырып, айыпкер шахсларға қарата жынайый қуўдалаў ўазыйпасын атқарып, оларға қарата жынайый ис қозғатыў ҳәм нызамсыз қарарларға қарата протест келтириў;

- жынаятларды ашыў ҳәм тергеўди алып барыўда сорастырыў ҳәм тергеў уйымлары жумысы үстинен тиккелей бақлаўды әмелге асырыў, сондай-ақ, мәмлекетлик сиясий басқармасы жумысы үстинен ;

- еркинен айырыў түриндеги жазаларды орынлаў мекемелери ҳәм мийнет пенен дүзетиў мекемелеринде жумыслардың дурыс әмелге асырып атырылғанлығы үстинен бақлаў;

-Жоқары судқа қарата прокурор бақлаўы функциясын әмелге асырыў.

1926-жыл 29-сентябрь күни ӨзССР Советлериниң МИК тәрепинен тастыйықланған ҳәм 15-февраль 1927-жылы күшке кирген ӨзССР суд дүзилиси ҳаққындағы Реже, 1925-жылғы НКЮ (әдиллик Халық Комиссариаты-Наркомюст) ҳаққындағы Режени жетилистирип, прокуратураға нызам бузылыўына жол қойған айыпкер шахсларға қарата интизамий ҳәм ҳәкимшилик қуўдалаў етиў ҳуқықын берип, прокурорға жынаят ислери бойынша кассация инстанциясында жуўмақ бериў ҳуқықын да берип, жынаятшылыққа қарсы гүресиўши барлық уйымлар жумысы үстинен улыўма бақлаўды әмелге асырыў ҳуқықын белгилеп берди.

Өзбекстан Республикасы Прокуроры бир ўақыттың өзинде республика әдиллик халық комиссары есапланған республика ҳүкиметиниң қурамына киретуғын еди. Нәтийжеде, республика прокуроры ӨзССР МИК тәрепинен тайынланып, республика Совнарком алдында әдиллик халық комиссары сыпатында есап беретуғын еди. Республика прокуроры нызамлылық үстинен бақлаў функциясын басқарыў функциялары менен араластырып алып барған. Бул өз гезегинде бақлаў функциясын әмелге асырыўға унамсыз тәсир еткен. 1929-жылдың 27-январь күни ӨзССР әдиллик Халық Комиссарияты (Наркомюст) НКЮ (әдиллик халық комиссарлығы) жанында прокуратура бөлими ҳаққында Реже қабыл етилди. Реже талабына муўапық, прокуратура уйымлары жумысы үстинен басшылықты ӨзССР аймағында республика прокуратурасы бөлими өз қолына алды. Бөлимди нарком емес, ӨзССР әдиллигин бир ўақыттың өзинде республика прокуроры есапланған ӨзССР Советлер Наркомының орынбасары әмелге асырған.

1931-жылдың 23-сентябрь күни ӨзССР Советлериниң Халық Комиссариаты ҳәм МИКсы ӨзССР әдиллик халық комиссариаты ҳаққындағы жаңа Режеси тастыйықлады.

Режеге муўапық прокуратура бөлим сыпатында емес, ӘХК (НКЮ) қурамындағы әдиллик Наркомының орынбасары ҳәмде республика Прокуроры басшылық ететуғын бийғәрез уйым сыпатында көрилди. 1933-жылдың 10-июль күнги СССР СНК ҳәм МИК тың ССР Аўқамы прокуратурасын шөлкемлестириў ҳаққындағы қарары прокуратура тарийхында әҳмийетли ўақыя болды. ССР СНК ҳәм МИК тың 1933-жылдың 17-декабрь күнги қарары менен ССР прокуратурасы ҳаққындағы Режеси тастыйықланды.

Сондай-ақ, СССР Жоқары Суды прокуратурасы сапластырылды. Режеде СССР прокуратурасының функциясы ҳәм шөлкемлестирилиў тәртиби, сондай-ақ, ҳәзирги күнде де тийкарынан сақланып қалған прокурор бақлаўының бағдарлары белгилеп берилди, атап

айтқанда, улыўма бақлаў, милиция ҳәм ОГПУ ҳәрекетлериниң нызамлылығы үстинен бақлаў, дәслепки тергеў үстинен бақлаў, суд уйымлары тәрепинен нызамлардың анық ҳәм бирдей орынланыўы үстинен бақлаў, мийнет пенен дүзетиў мекемелери жумысы үстинен бақлаў.

Прокуратура турмысының белгили бир басқышы сондай дәўирге туўры келди, бул дәўирде ҳуқық қорғаў уйымлары жумысы сондай шөлкемлестирилген еди, биринши орынға мәмлекетлик ҳәкимияттың жоқары уйымлары тәрепинен үстем деп есапланған жазалаў мекемелери шығып алды. Тек ғана 50-жыллар ортасында нызамлылықты беккемлеў, мәмлекеттиң ҳуқықый базасын жаратыў бойынша ис-иләжлар белгиленди.

1955-жылдың 24-май күни қабыл етилген ССРда Прокурор бақлаўы ҳаққындағы Реже прокуратураның раўажланыўында нәўбеттеги әҳмийетли басқыш болды. Онда мәмлекетте нызамлылықтың мақсети ҳаққындағы идеялар нызам менен беккемлениўи де келешектеги раўажланыўы ҳәмде прокурор бақлаўының толық тәмийинлениўи өз көринисин тапты. Режеде прокурорлардың ўәкилликлери, ўазыйпалары ҳәм пуқаралық ҳәмде жынаят servлерин жүритиўде анықланған нызамбузылыўшылықларға қарата прокурорлық тәсир шараларын қоллаў тәртиби белгиленди. Кейиншелик Режедеги көп ғана сол нормалар жынаят ҳәм пуқаралық ис жүритиўи тийкарларына, мийнет пенен дүзетиў мийнет нызамшылығына киргизилди.

Әскерий прокуратуралар да шөлкемлестирилди. 1966-жыл 14-декабрде тастыйықланған Әскерий прокуратура ҳаққындағы Режеде әскерий прокуратура системасы ҳәм дүзилиси, әскерий прокурорлардың ўәкилликлери, олардың жумысында аймақлық прокурорлар менен өз-ара қатнас өз сәўлелениўин тапқан. Оған муўапық, әскерий прокуратура совет прокуратура уйымлары системасына кириўи керек екенлиги ҳәм СССР Бас прокуроры алдында есап беретуғынлығы белгиленди.

1977-жылда Конституцияның қабыл етилиўи нызамлылық үстинен бақлаўды тәмийинлеў бойынша алға қәдемлер қойылыўы менен байланыслы. Олардың биреўи СССР Прокуратурасы ҳаққындағы Нызамының қабыл етилиўи ҳаққындағы қарар есапланады. Бундай нызам СССР Жоқары Советиниң 10 шақырық 2 сессиясында 1979-жыл 30-ноябрде қабыл етилген. Онда совет прокуратурасы уйымларын шөлкемлестириў ҳәм олардың жумысының тийкарын қураўшы принциплерди ҳуқықый тәртипке салыў ҳәм беккемлеў, олар жумысының тийкарғы бағдарлары өз сәўлелениўин тапты.

Прокурор бақлаўы 1980-1990-жылларда авторитар режимниң жолбасшысы, ҳәкимшилик-буйрықпазлық системасының бир бөлеги болып хызмет етти. Прокуратурадан күш servлетиў шараларын қоллаў зәрүр болғанда, экономикалық, финанслық, ҳуқықый ҳәм шөлкемлестириў рычаглары servлеўи тийис болған орынларда

ғана пайдаланылды. Буның нәтийжесинде көп ғана мекемелер, совет ҳәм бақлаў уйымларының нызамлылық ҳәм интизамға бойсыныў үстинен прокуратура тәрепинен ҳақыйқый бақлаў тәмийиинленбеди.

Өзбекстан Республикасы Президенти 2001-жыл 29-август күни Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң екинши шақырық алтыншы сессиясындағы «Әдалат-нызам үстинлигинде» деп аталған баянатында, «Прокуратура-нызам қорғаўында турган уйым. Ол ҳуқықый мәмлекет, демократиялық жәмийет қурылысында, ҳуқықый реформаларды әмелге асырыўда шешиўши роль ойнайды» деп айтып өткен еди.

Өзбекстан Республикасында президентлик институты енгизилген биринши күнинен-ақ ҳүкиметимиз басшысы тәрепинен миллий прокуратураның пайда болыўы ҳәм қәлиплесиўине айрықша дыққат аўдарылды. Усы бағдарда исленген биринши қәдем-мәмлекетимиз басшысының прокуратура уйымларын аўқам орайынан ҳақыйқый бийғәрезлигине ерисиў бойынша әмелге асырылған жумыслары болды.

Сол менен бирге, бул ҳәрекетлер жүдә унамсыз ақыбетлерге алып келиўи, мәселени КПСС МК Сиясий бюросында көрилиўине шекем жетиўи мүмкин екенлиги түсинип жетилген еди. Қалаберди, ҳүкиметимиз басшысына республика ишинде де бир қанша қарсылықлар сезилип турар еди. Себеби, партияның жоқары эшелонында, республиканың прокуратура уйымларында усы күнге шекем бул лаўазымларды «десантшылар» деп аталатуғын адамлар ислеп киятыр еди.

Усындай қәўиптиң болыўына қарамастан, ҳүкиметимиз басшысы тәрепинен 1-ноябрь 1990-жылда Өзбекстан ССР ның «Өзбекстан ССР да атқарыўшы ҳәм басқарыў ҳәкимияты системасын жетилистириў ҳәм Өзбекстан ССР Конституциясы (тийкарғы нызам)ға өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында»ғы нызамын өзинде сәўлелендириўши сиясий қарар қабыл етилди.

Усы ҳүжжет пенен, биринши рет аўқам шеңберинде Өзбекстан ССР Прокурорының тайынланыўының конституциялық механизми беккемлеп қойылды. Өзбекстан Республикасы прокурорының орынбасарларын да илгеридегидей СССР Бас прокуроры тәрепинен емес, ал Республика Президентиниң усынысына муўапық мәмлекет парламенти тәрепинен тайынланыўы конституциялық қағыйда сыпатында беккемленди. Буннан тысқары, СССР Бас прокуратурасы әмелиятында биринши рет Өзбекстан Республикасы Бас прокурорының тек ғана Өзбекстан Республикасы парламенти ҳәм Президенти алдында есап бериўи ҳәм жуўапкер екенлиги белгиленди.

Буннан кейин, Қарақалпақстан АССР прокуроры автоном Республика парламенти тәрепинен Өзбекстан ССР Президенти менен келисилген ҳалда тайынланыўы нызамшылықта беккемленди. Буннан тысқары, илгери ўәлаятлар ҳәм район, қалалар

прокурорлары ССР Прокуратурасының разылығы менен тайынланатуғын болса, енди нызам бойынша кадрлар мәселесин шешиў Республика Прокурорының абсолют ўәкиллигине тийисли болды.

Республика прокуратура хызметкерлериниң толық бийғәрезлиги, атап айтқанда, СССР аўқамы Прокуратурасынан да толық бийғәрезлиги, тек ғана олардың Өзбекстан ССР прокурорына ғана бойсыныўы жәрияланды.

Булардың барлығы Аўқам прокуратурасының гегемонлық әсириниң тамам болғанлығын аңлатар ҳәм республика прокуратурасының ҳақыйқый бийғәрезлик жеңисинен дерек беретуғын еди.

Өзбекстан Республикасы Олий Совети 1992-жыл 4-январда Өзбекстан Республикасының тийисли нызам ҳүжжетлери қабыл етилгенине шекем Өзбекстан Республикасы Конституциясы ҳәм оның нызамларына қайшы болмаған бурынғы ССР нызамлары әмелде болыўы ҳаққындагы қарарды қабыл еткен еди.

1979-жыл 30-ноябрде қабыл етилген СССР дың «Прокуратура ҳаққында»ғы нызамы Өзбекстан Республикасы Олий Совети тәрепинен 1992-жыл 9-декабрь күни Өзбекстан Республикасының «Прокуратура ҳаққында»ғы нызамы қабыл етилгенге шекем әмелде болды.

Аўқамның ыдыраўы менен СССР прокуратурасы бийғәрез мәмлекетлик уйым сыпатында тамамланды. Суверен мәмлекетлердиң ҳәр биринде Бас прокурорлар тәрепинен басқарылатуғын бийғәрез прокуратуралар дүзилди.

Өзбекстан Республикасы прокуратура уйымларының бурынғы аўқам басшылығынан шын мәнисинде бийғәрезлигин тәмийинлеўде республикамыздың тәғдирин шешиўши еки ҳүжжетти тән алыўымыз керек:

1) 31-август 1991-жылы қабыл етилген «Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик ғәрезсизлиги ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Жоқары Совети Мүрәжаты мазмуны.

2) Өзбекстан Республикасының «Өзбекстан Республикасының мәмлекетлик ғәрезсизлиги тийкарлары ҳаққында»ғы нызамы.

Мине усы нызамға муўапық 1992-жылдың 24-январь күни №33-санлы Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң «Өзбекстан Республикасы прокуратура уйымлары жумысын шөлкемлестириў мәселелери ҳаққында»ғы қарары қабыл етилген. Ҳүкиметтиң усы қарары прокуратураның тек ғана статусын беккемлеп қоймастан, ал прокуратура хызметкерлерине бир қатар жеңилликлер бериў менен бирге материаллық-техникалық базасын да айтарлықтай беккемледи. Бул өз гезегинде прокурорлардың өзлерине жүклетилген бақлаў ўәкилликлерин еркин түрде әмелге асырыўында ҳақыйкый бийғәрезлигин тәмийинлеўде унамлы роль ойнады.

Бирақ, дәўир талабының өзи Өзбекстан Республикасы прокуратурасының ҳуқықый тийкарларын тезлик пенен ислеп шығыў ҳәм қабыл етиўди талап ететуғын еди. Себеби, Өзбекстан Республикасы социал-экономикалық қурылысы ҳәм мәмлекетшилиги тийкарларын қәлиплестириўди бастан-ақ, миллий ҳуқықый системаның қәлиплестирилиўи ҳәм мәмлекетимиздиң өзи жеке нызамшылық базасын ислеп шығылыўы мәмлекетте базар қатнасықларын қәлиплестириўде, ҳуқықый тәртипти ҳәм нызамшылықты муўапықластырыўда жетекшилик ҳәм басламашылықты талап етти. Бул бойынша қойылған дәслепки қәдем мәмлекет ҳәкимиятшылығын қәлиплестриўдеги Өзбекстан Республикасы Президентиниң 1992-жыл 8-январдағы Өзбекстан совет социалистлик республикасы прокуратурасын бийғәрез Өзбекстан Республикасы ийелигине өткерилиўин белгилеўши Пәрманын мысал етсек болады. Буннан тысқары, жас ҳәм бийғәрез Өзбекстан Республикасының дәслепки қабыл еткен нызамларынан бири, мәмлекеттиң тийкаргы нызамы-Өзбекстан Республикасы Конституциясының қабыл етилиўиниң ертесине, яғный 1992-жыл 9-декабрьде Парламент тәрепинен Өзбекстан Республикасының «Прокуратура ҳаққында»ғы Нызамының қабыл етилиўи де үлкен тарийхый ўақыя болды.

Прокуратура уйымларының ҳуқықый статусын, тийкаргы ўазыйпаларын ҳәм ислеў принциплерин ҳәмде оның жумысының тийкаргы бағдарларын белгилеп бериўши тийкарғы ҳүжжет-Өзбекстан Республикасы Конституциясы болып есапланады.

Конституцияда прокуратура ушын өзинде төрт статьяны қамтыған арнаўлы XIV бап ажыратылған. Атап айтқанда, Өзбекстан Республикасы Конституциясының 118-статьясына муўапық «Өзбекстан Республикасы аймағында нызамлардың анық ҳәм бирдей орынланыўы үстинен бақлаўды Өзбекстан Республикасы прокуроры ҳәм оған бойсыныўшы прокурорлар әмелге асырады». Конституцияның 119-статьясында «Прокуратура уйымларының бирден-бир орайластырылған системасына Өзбекстан Республикасы Бас прокуроры басшылық етеди» деп көрсетилген. Оннан соң болса, Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар, районлар ҳәм қалалар прокурорларының ўәкиллик мүддетлери көрсетилген. Тийкарғы нызамның 120-статьясы прокурорлық бақлаўды нәтийжели алып барыўдың жәнe де әҳмийетли тәрепин өзинде сәўлелендирген болып, онда Өзбекстан Республикасы прокуратура уйымлары өз ўәкилликлерин ҳәр қандай мәмлекетлик уйымлар, жәмийетлик бирлеспелер ҳәм лаўазымлы шахслардан бийғәрез түрде, тек нызамға бойсынып әмелге асырыўы беккемлеп қойылған. Прокурорлар бақлаўды мәмлекет атынан әмелге асырады.

1992-жыл 9-декабрдеги Өзбекстан Республикасының «Прокуратура ҳаққында»ғы нызамы өзиниң тарийхый ўазыйпасын атқарды. Яғный, «Прокуратура ҳаққында»ғы

нызамның қабыл етилиўи мүнәсебети менен мәмлекетте талап дәрежесиндеги нызамлылық ҳәм ҳуқықый тәртиптиң орнатылыўына тиккелей байланыслы болған социал-экономикалық реформалардың биринши басқышы прокуратура уйымлары ушын жүдә әҳмийетли болған дәслепки түртки болды.

Өзбекстан Республикасы мәмлекетлик уйымлар системасында прокуратура уйымлары өзиниң арнаўлы орнына ийе болып, бирлик, орайласканлық, бийғәрезлик ҳәм әшкаралық сыяқлы принциплерге таянған ҳалда, Өзбекстан Республикасы Бас прокуроры басшылық ететуғын бирден-бир орайласқан системаны қурайды, төмен турыўшы прокурорлар жергиликли ҳәм басқа мәмлекетлик уйымларға бойсынбаған ҳалда жоқары турыўшы прокурорларға ҳәм Өзбекстан Республикасы Бас прокурорына бойсыныўы ҳәмде есап бериўи тийкарында жумыс алып барады.

Нәтийжеде, зәрүрликке қарап, прокуратура системасы раўажландырылды, прокуратура жумысының усыл ҳәм формалары жетилистирилди, оның ҳуқықый статусы ҳәм мәмлекет-ҳуқықый институтлары системасында орны беккемленди.

## § 2. Ҳәзирги ўақытта прокуратураның мәмлекетлик уйымлар системасында тутқан орны.

Прокуратура түсиниги латынша ***procuro*** сөзинен келип шыққан болып, ғамхорлық етемен, тәмийинлеймен, алдын аламан деген мәнисти билдиреди.

Прокуратура дерлик бәрше мәмлекетлерде бар болып, ҳуқықты қорғаўшы уйым есапланады. Оның хызмети мәмлекеттиң ерки, дүзилиси, идеологиясын өзинде сәўлелендириўши нызамлар мазмуны менен белгиленип келинген. Ҳәр қандай мәмлекет өзиниң дүзилисинен келип шыққан ҳалда нызамлардың орынланыўын тәмийинлеўши кепилликлер системасын жаратады. Прокурорлык бақлаўы бизиң мәмлекетимиздеги бул системаның тийкарғы буўынларының бири. Мәмлекет басқарыўының жоқарғы уйымлары, суд, ҳуқық қорғаўшы ҳәм басқа мекемелер пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин, халық ҳәкимиятын, ҳуқықый тәртипти тәмийинлеўге ўәкилликли болсада, Конституцияға бойсыныў, нызамлардың үстинлигин, олардың бирдей орынланыўын, нызамлылықтың беккемлениўин тәмийинлеў ушын олардың орынланыўы үстинен бақлаў мәмлекет тәрепинен тек ғана прокуратура уйымларына жүклетилген. Өзбекстан Республикасы Конституциясында, «Прокуратура ҳаққында» ғы Нызамда көрсетилгениндей, Өзбекстан Республикасы аймағында нызамлардың анық ҳәм бирдей орынланыўы үстинен бақлаўды Өзбекстан Республикасы Бас прокуроры ҳәм оған бойсыныўшы прокурорлар әмелге асырады. Конституцияға муўапық

прокуратура уйымлары өз ўәкилликлерин Республика Бас прокуроры басшылығында бирден-бир орайластырылған система сыпатында, ҳәр қандай мәмлекетлик уйымлар, жәмийетлик бирлеспелер ҳәм лаўазымлы шахслардан бийғәрез ҳалда, тек нызамға бойсынып әмелге асырыўлары өз сәўлелениўин тапқан.

Прокуратура уйымлары мәмлекет ушын үлкен әҳмийетке ийе болған жәмийетлик қатнасықларды ҳуқықый жақтан қорғаў менен шуғылланады. Бул хызмет пуқаралық жәмийети ҳәмде инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў, мәмлекетте орнатылған ҳуқықый тәртипке қаратылған қастыянлықлардан қорғаў, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң нызам менен қорғалатуғын мәплерин тәмийинлеў механизмин жаратыўда өз көринисин табады. Усы объектлерге қаратылған хар қандай қастыянлық болса, прокурор бақлаўының болыўын ҳәм әмел етиўин объектив түрде талап етеди.

Прокуратура мәмлекет ҳәкимиятының басқа уйымлары менен өз-ара байланыста болып, байланыстырыўшы ҳәм тең салмақлылықты сақлаўшы қурал ролин атқарады.

Президентимиз И. А. Каримов 2010-жыл 12-ноябрь күни Олий Мажлис палаталарының қоспа мәжлисинде жасаған баянатында: «Соңғы жылларда журтымызда ҳуқықты қорғаўшы уйымлар хызметинде нызамшылықты тәмийинлеў барысында қатаң ислер әмелге асырылды. Биринши нәўбетте, прокуратура хызметин реформалаў, оны бурын дүзим дәўиринде болғанындай партиялық элита қолындағы жазалаў қуралы емес, бәлки нызамлардың қатаң орынланыўы, мәмлекетимизде демократиялық реформалардың избе-из раўажланыўын, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлериниң исенимли қорғалыўын тәмийинлейтуғын уйымға айландырыў бойынша салмақлы жумыслар исленди. Мәселен, 2001-жылда жаңа редакцияда қабыл етилген «Прокуратура ҳаққында» ғы Нызамға муўапық пуқаралар прокурор қадағалаўы объектлери қатарынан шығарылды. Әйне пайытта прокуратураның инсан ҳуқық ҳәм еркинликлери, оның нызамлы мәплерине бойсыныўды тәмийинлеў ушын жуўапкершилиги арттырылды.

Сондай-ақ, суд қарарлары орынланыўын тоқтатып турыў ҳуқықы прокуратура ўәкилликлери шеңберинен шығарылды. Район ҳәм қала прокурорларының болса, тергеў ҳәм айыпланыўшыны қамақта саклаў мүддетлерин узайттырыў ҳуқықлары бийкар етилди» деп атап өткен еди.[9]

Ҳәзирги күнде бирден-бир модельге ийе прокуратура уйымы жоқ. Мәселен, айырым мәмлекетлерде прокуратура атқарыўшы ҳәкимият қурамына кирсе, айырым прокуратуралар атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимияты ортасындағы уйым болып есапланады. Бул әлбетте, сол мәмлекетте қәлиплескен тарийхый шәрт-шәраят, социаллық ҳәм сиясий жағдай ҳәмде оның миллий үрп-әдетлерине байланыслы. Прокуратура институтының

[9] «Еркин Каракалпакстан», 2010 жыл, 16-ноябрь.№137

ҳуқықый статусы айырым мәмлекетлерде оны тиккелей нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимиятларына болган қатнасы ҳәм мәмлекет механизминдеги статусы менен белгиленеди. Базыбир мәмлекетлерде прокуратура институтын шеклеў дәстүри жүзеге келген болса, басқа мәмлекетлерде болса, оның раўажланыў перспективасы мәмлекет системасында барған сайын беккемленип бармақта.

Прокуратураның сырт ел мәмлекетлери уйымлары системасында тутқан орнынан келип шығып, дүнья мәмлекетлери прокуратураларын төрт топарға ажыратыў мүмкин:

***Биринши топардағы*** мәмлекетлерде прокуратура атқарыўшы ҳәкимият қурамына кириўши Әдиллик министрлигине бойсыныўшы уйым болып табылады. Мысал ретинде АҚШ ҳәм Канададағы Бас прокурор (Бас атторней) лаўазымын алып қарасақ болады. Ол бир ўақыттың өзинде ҳәм Әдиллик министри ҳәм Бас прокурор есапланады. Буннан тысқары, Франция, Нидерландия, Дания, Румыния, Эстония, Польша, Бельгия, Япония, Израиль ҳәм басқа көплеген Европа мәмлекетлеринде прокуратура атқарыўшы ҳәкимият қурамына киригизилген.

***Екинши топардағы*** мәмлекетлерде прокуратура суд ҳәкимияты қурамына киреди. Бул топарға төмендеги мәмлекетлерди мысал келтирсек болады:

1. Испания (суд системасының автоном функциясын атқарады. Ол нызамларды қорғайды, шахс ҳәм пуқара ҳуқықлары ҳәмде жәмийет мәплерин судта бақлап барады).

2. Болгарияда прокуратура структурасы суд системасына киреди. Болгарияда Бас прокурор арқалы нызамлардың орынланыўы бақлап барылады. Прокурорды ўазыйпасына тайынлаў ҳәм ўазыйпасынан азат етиў Жоқары суд президиумы тәрепинен әмелге асырылады. Бас прокурорды болса Жоқары суд президиумының усынысына муўапық Президент лаўазымға тайынлайды ҳәм лаўазымынан азат етеди.

Буннан тысқары, Колумбия, Латвия мәмлекетлеринде де прокуратура суд ҳәкимияты қурамыны кириўши уйым есапланады.

***Үшинши топар*** мәмлекетлеринде прокуратура бийғәрез уйым есапланады. Бул мәмлекетлер конституцияларында прокуратураның бийғәрез уйым екенлиги беккемлеп қойылған. Конституция арқалы оларға кең ўәкилликлер берилген. Бул мәмлекетлерде прокуратура орайласқан уйым болып, тек жоқары турыўшы ҳәкимиятқа ғана есап береди. Прокуратура жумысы конституция ҳәм арнаўлы нызамлар менен тәртипке салынады. Бул мәмлекетлерге мысал етип Постсоциалистлик ҳәм социалистлик мәмлекетлерди келтирсек болады. Мысалы, Ғәрезсиз Мәмлекетлер Дослық Аўқамы мәмлекетлери, Қытай Халық Республикасы, Вьетнам, Куба, Лаос ҳ.т.б.

***Төртинши топардағы*** мәмлекетлерде болса прокуратура уйымының өзи жоқ, тек ғана соған уқсас уйымлар бар. Мәселен, Уллы Британияда мәмлекетлик ғалабалық айыплаўды Мәмлекетлик айыплаў хызмети деген уйым қоллап-қуўатлайды.

Дыққатқа ылайықлы тәрепи барлық мәмлекетлерде де прокуратура конституциялық институт есапланбайды. Мәселен, АҚШ Конституциясында тек ғана Бас прокурор лаўазымының бар екенлиги хәм оны лаўазымға тайынлаў тәртиби ҳаққында сөз етилген. Бул түрдеги мәмлекетлерге прокуратура атқарыўшы ямаса суд ҳәкимияты қурамына кириўши мәмлекетлер киреди. Бул жерлерде прокуратураның жумысы арнаўлы нызамлар менен тәртипке салынады (АҚШтың 1870-жылдағы «Әдиллик министрлигин шөлкемлестириў ҳаққында»ғы Нызамы, Италияның 1930-жылдағы ЖПК, Францияның 1958-жылдағы ЖПК).

ҒМДА хәм Латын Америкасы мәмлекетлеринде прокуратура институтының ҳуқықый тийкарлары ҳәм тийкарғы ўазыйпалары Конституцияда белгиленген. Оларда прокуратура институтына арнаўлы баплар ажыратылған. Бирақ, айырым мәмлекетлерде прокуратураға тоталитар системаның өними деп қаралып, оған конституцияда орын ажыратылмаған (Польша) ямаса жүдә кем дыққат аўдарылған (Литва, Словения, Словакия). Ҳәттеки, Россия Конституциясында прокуратура институтына тек ғана бир статья (129-статья) арналып, онда прокуратураның функциясы ҳаққында сөз жүритилмей, тек ғана статусы ҳәм шөлкемлестириў тийкарлары ҳаққында айтылған.

Ҳәзирги ўақытта дүньяда прокуратураның еки тийкаргы модели бар:

бириншиден, прокуратура жынайый-ҳуқықый қуўдалаў уйым сыпатында қаралса,

екиншиден, прокуратура нызамлылықты бақлаўшы уйым сыпатында қаралады.

Биринши модель роман-герман ҳуқық системасына кириўши мәмлекетлердиң абсолют көпшилигинде әмел етеди. Бул мәмлекетлерде прокуратура әдетте, жынайый ис-ҳәрекет садыр еткен шахсларды жынайый-ҳуқықый қуўдалаў етиў, судта мәмлекетлик айыплаўды қоллап-қуўатлаў, сондай-ақ, жынаятлар бойынша дәслепки тергеўди алып барыў ҳәм шахсларды еркинен айырыў орынларында сақлаўдың нызамлылығын бақлаў функцияларына ийе болған уйым болып табылады.

Екинши модельге тән прокуратура өз мазмунына қарай, тийкарынан нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаў хызметин әмелге асырыў менен бир қатарда басқа функцияларды, сондай-ақ, жынайый-ҳуқықый қуўдалаў, тергеўге процессуал басшылық етиў, судта айыплаўды қоллап-қуўатлаў сыяқлы ўазыйпаларды да әмелге асырыўшы көп функциялы уйым сыпатында өз сәўлелениўин табады.

Көпшилик Батыс мәмлекетлерде нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаўшы уйымлардың жоқ екенлигин ҳуқықтаныўшы алымлар раўажланған мәмлекетлерде ҳуқық

ҳәм ҳуқықый мәдeният жәмийет ҳәм мәмлекеттиң барлық дүзилмелеринде толық қарар тапқанлығы менен түсиндиреди.

Прокуратура өз жумысын алып барыўда көплеп мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары менен өз-ара бирге ислеседи. Сырт ел мәмлекетлеринде прокуратура ҳам полициялардың өз-ара бирге ислесиўи мәселесине айрықша дыққат қаратыў мүмкин. Прокуратура ҳәм полицияның бирге ислесиўиниң үш көринисин көрсетип өтиў мүмкин: биринштден, прокуратура ҳәм полиция уйымларының шөлкемлескенлик жақтан бирлиги менен характерленеди. Бул төмендеги вариантларда болады:

- полиция уйымлары прокуратураның структуралық буўыны есапланады;

- полиция искерлигиниң барлық бағдарлары прокуратураның бақлыўы астында болады;

- прокуратура полиция кадрлары менен жумыс алып барыў ушын жуўапкер;

- полицияның жумысын белгилейди;

- оның жынаятшылық пенен гүрес бойынша сиясатының тийкарғы бағдарларын белгилейди.

Бирге ислесиўдиң екинши көриниси прокуратура полиция ҳәрекетин улыўма жынайый сиясат бойынша да, белгили бир жынайый ис бойынша да басқарып турыўы есапланады. Прокурор тергеў ислерин полициянын қайсы бөлими, қайсы полиция хызметкериниң алып барыўын белгилейдии. Сондай-ақ, прокурор белгили жынайый ис бойынша тергеўди алып барыўда пайдаланылыўы тийис болған күш ҳәм қуралларды анықлайды.

Прокуратура ҳәм полиция ортасында қарама-қарсылық келип шыққанда полиция хызметкери прокурордың ҳәрекетлери үстинен жоқары турыўшы прокуратура уйымына ямаса өзиниң администрациясына мүрәжат етиўи мүмкин.

Бирге ислесиўдиң үшиниши көриниси бул прокуратура полиция жумысының нызамлы екенлигин бақлап барыўы болып табылады. Бақлаў функциясын әмелге асырыўда прокуратура полициядан жынаятшылықтың жағдайы, белгили жынаятлар ҳәм оларды садыр еткен шахслар ҳаққында мағлыўматты талап ете алады. Базыда прокуратура полицияның жоқары лаўазымдағы хызметкерлериниң жумысы үстинен интизамий бақлаў алып барыў ҳуқықына ийе. Соңғы ўақытлары прокуратура жумысының полиция жумысы менен жақынласыўы бақланбақта, себеби бул уйымлардың шешетуғын маселелери улыўма. Прокуратура полиция жумысын, оның нызамға бойсыныўын, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў бойынша тийкарғы норматив актлерди қоллаўды бақлаўшы бирден-бир уйым болып келмекте ҳәм болып қалады.

Ҳәр түрли мәмлекетлерде прокуратура ўәкиллик шеңбериниң колеми менен өзгешеленеди. Сол менен бирге прокурор барлық жерде яки бир өзи ямаса басқа уйым менен биргеликте (тергеўши, судья) әмелге асыратуғын тийкарғы ҳәм ажыралмас функциялары да бар. Буларға жынайый қыдырыў ҳаққында қарар қабыл етиў, судта айыплаўды тәмийинлеў, суд қарарлары үстинен протест келтириў. Көпшилик мәмлекетлерде прокуратура-ҳуқықты қорғаўшы уйымлардың мәплери ҳәм жынайый жуўапкершиликке тартылып атырган шахслардың ҳуқыклары ортасындағы протестти тәмийинлеўши уйым. Гәп сонда, жынайый юстиция системасында қарам-қарсылық бар: бир тәрептен жәмийетти қорғаў ушын шахстың еркинлиги бузылса, екинши тәрептен-шахстың еркинлиги сол жәмийет атынан кепилленеди. Бул жағдайда тек ғана прокурор бул еки топардың мәплери ортасындағы тең салмақлылықты тиклеў имкәниятына ийе.

Дерлик барлық мәмлекетлерде прокуратура жынайый ҳәм пуқаралық ислерди көрип шығыўда қатнасыў арқалы пуқаралардың ҳуқық ҳәм мәплерин қорғайды.

Прокурордың нызам шығарыушы ҳам атқарыўшы ҳәкимиятлар менен өз-ара қатнасығы да бир қанша қызығыўшылық оятыўы тәьиййй. Бул тараўда жәҳан тәжрийбесин улыўмаластырыў мәмлекетлерди үш топарға бөлип үйрениўге алып келеди: 1) прокурорлардың атқарыўшы ҳәкимият пенен тығыз байланыста болған мәмлекетлер; 2) прокурорлар нызам шығарыўшы ҳәкимият пенен тығыз байланыста болған мәмлекетлер; 3) прокурорлардың нызам шығарыўшы ҳәм атқарыўшы ҳәкимиятлар менен турақлы байланыслары болмаған мәмлекетлер.

Бирақ, қағыйда бойынша көп мәмлекетлер ушын прокуратура нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәкимиятлар менен байланыста аралс көриниси тән. Бундай қатнасықлардың сегиз түрин ажыратыў мүмкин:

1. прокурор-атқарыўшы ҳәкимиттың ажыралмас бөлеги;
2. атқарыўшы ҳәкимият прокуратураға басшылық етеди;
3. атқарыўшы ҳәкимият прокурорларды тәмийинлейди;
4. атқарыўшы ҳәкимият прокурорларға интизамий шаралар тайынлайды;
5. атқарыўшы ҳәкимият прокуратураның жумысын бақлап барады;
6. атқарыўшы ҳәкимият прокуратураға белгили жынайый ямаса пуқаралық ислери менен байланыслы болмаған улыўма мәселелер бойынша буйрықлар береди;
7. атқарыўшы ҳәкимият прокуратураға арнаўлы ислер бойынша буйрық бериўге ҳақылы;
8. атқарыўшы ҳәкимият прокуратураның бюджетин басқарады.

Ҳәзирги ўақытта прокуратура ҳаққындағы нызамшылық прокуратура жумысына нызам шығарыўшы ҳәм атқарыў ҳәкимиятының араласпаўына кепиллик бериў бағдары

бойынша раўажланбақта. Бунда нызам шығарыўшы ҳәм аткарыўшы ҳәкимиятлар ўәкилликлерин белгилеўде олардың прокурорлық жумысына араласыўына ҳуқықый тийкардың болмаўы тәмийинленген. Бундай араласыўдың анық шегаралары белгиленеди.

Бул жағдай прокуратураның басқа ҳәкимият структуралары менен байланысы жоқ екенлигин аңлатпайды, кери жағдайда прокуратура жумыс алып бара алмайды. Мәселен, прокуратура ҳәм атқарыўшы ҳәкимият уйымларының байланыслары төмендегилерге имкән жаратады:

- прокуратура ҳәм басқа ҳуқықты қорғаўшы уйымлар ортасындағы қатнасықларды муўапықластырады;

- жынайый сиясатты әмелге асырыўды кепиллейди;

- профилактика субъектиниң жәмийет алдында нызамлылық жағдайы ушын жуўапкершилик дәрежесин анық белгилеў.

Өзбекстан Республикасында прокуратура-мәмлекетлик ҳәкимияттың ҳеш бирине кирмейтуғын, ўазыйпасы нызамлылыққа бойсыныўы үстинен бақлаў алып барыўдан ибарат болған мәмлекетлик институт болып табылады. Прокуратура уйымлары хызметиниң шөлкемлестирилиўи ҳәм әмелге асырылыўы бойынша Өзбекстанда жүзеге келген ҳақыйқый жағдай сондай, оған муўапық бул уйым үш ҳәкимият тараўының ҳәр бирине ҳуқықый тәсир көрсетиў имкәниятына ийе.

Мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары системасында прокуратураның орны ҳаққында әдебиятларда ҳәр түрли пикирлер алға сүрилген.

Прокуратураның мәмлекетлик ҳәкимият уйымларына ҳуқықый тәсир етиў имканиятына ийе екенлиги ҳәм бул ўәкилликтен әмелиятта пайдаланылып атырғанлығына байланыслы пикирди профессор Б. Х. Пўлатов да айрықша атап өтип, нызамлардың анық ҳәм бирдей орынланыўы үстинен баклаўды әмелге асырыў бойынша өз ўәкилликлерин орынлап, прокурорлар барлық мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларын…оларға жүклетилген миннетлемелерди орынлап атырғанлықларын бақлап турыўлары тийислиги ҳаққында пикир жүритеди. Оның пикиринше прокуратураға мәмлекетлик ҳәкимияттағы үш тармақтың ҳеш бирине кирмейтуғын бийғәрез мәмлекетлик уйым сыпатында қараў тийис. Бул болса, прокуратура уйымларының нәтийжели ислеўиниң тийкарғы шәрти болып табылады.[10]

Юридика илимлери докторы, сенатор М.А.Ражабова да прокуратура уйымларының атқарыўшы ямаса суд ҳәкимияты системасына киритилиўине қосылмайды. Алымның пикиринше: “Прокуратура нызамлылықты тәмийинлеў бойынша ҳәкимият тармақлары менен нәтийжели бирге ислесиўди жолға қойыў имкәниятына ийе… Себеби, көрсетип

[10] Пўлатов Б. Х. Қонунлар ижроси устидан прокурор назорати. –Т., 2006. 46-бет.

өтилген еки системадан парықлы түрде прокурор нызамлардың анық ҳәм бирдей қолланылыўын бақлап барыўшы мәмлекетлик ҳәкимият уйымы есапланады”. Буннан тысқары, оның пикиринше, Өзбекстан Республикасы прокуратурасы ҳәкимияттың барлық тармақлары менен нызам үстинлигин ҳәм тек ғана нызамға бойсыныўын тәмийинлеў көз қарасынан өз-ара бирге ислесиў тийкарында жумыс алып барады, нызамшылық ҳәм ҳуқықый тәртип бойынша олардың жумысын муўапықластырады. Сол менен бирге, ол ҳәкимият уйымларының өз-ара қатнасығына тәсир көрсетип, келисим тийкарында жумыс ислеўге шәраят жаратады.

Прокуратура уйымларының мәмлекетлик ҳәкимият системасында тутқан орнына байланыслы жоқарыдағы пикирлерди юридика илимлери докторы, профессор А.Х.Саидов та қоллап-қуўатлайды. Прокуратура уйымлары мәмлекетлик ҳәкимияты ўәкилликлериниң бөлистирилиўиниң конституциялық системасында – бийғәрез системаны, анығырақ айтқанда ҳәкимиятты қурайды. Бул болса прокуратура уйымлары мәмлекетлик ҳәкимияттың басқа тармақлары ямаса басқа ҳуқық қорғаўшы уйымлардан толық бийғәрезлигин ҳәм олар менен ҳеш қандай байланыс жоқ екенлигин аңлатпайды

Прокуратураның дүнья жүзи көлеминдеги раўажланыў тарийхы ҳәм сырт ел мәмлекетлери тәжрийбесинен келип шығып соны айтыў мүмкин, Өзбекстанда прокуратура уйымлары хызмети қурамалы ҳәм кең көлемли көринистеги өзине тән модель сыпатында қәлиплескен болып, олар бир ўақыттың өзинде ҳәм нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаўды, ҳәм жынайый қуўдалаў хызметин әмелге асырады. Бул хызметтиң негизинде инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў ўазыйпасы турады.

Мәселен, Н. В. Федоров прокуратураны шөлкемлескенлик жақтан атқарыўшы ҳәкимият қурамына киргизиўди усыныс етеди. Бунда ол шет ел мәмлекетлериниң көпшилигинде прокуратура ҳәкимияттың атқарыўшы уйымлар қурамына кириўин дәлил етип келтиреди.[11] Бирақ ол бул мәмлекетлерде прокуратура әдетте жынайый қуўдалаў функциясын ғана әмелге асырыўын итибарға алмаған.

Ҳәзирги дәўирде президентлик республикасында ҳәкимияттың үш емес, ал төрт тармағы бар деген пикир илгери сүриледи[12].

Прокуратура-өз жумысының нызамлықларына ийе болған қәнийгелескен, көп тараўлы институт болып табылады. Оның шөлкемлескенлик дүзилиси ҳаққында айтқанда сол жағдай есапқа алыныўы керек. Прокуратураның судта айыплаўды қоллап-қуўатлаўдан басқа барлық функцияларын ҳәмде прокурор бақлаўын сақлап қалыў мақсетке

---

[11] Федоров Н. В. О судебной реформе в России// Государство и право 1992. №6

[12] Скворцов К.Ф. Становление правового государства в России и функции прокуратуры.-7-б, Кореневский Ю.В. Становление правового государства и функции прокуратуры.-26-б, Чиркин В.Е. Контрольная власть// Государство и право.1993 год.№4.-11-17-б.

муўапықлығы ҳаққында пикирлер айтылған. Прокуратураның тергеў уйымларын бақлаўы ҳәмде пуқаралардың ҳуқықларын қорғаў ўазыйпаларын судқа тапсырыў усыныс етилген[13].

Өзбекстан Республикасының «Прокуратура ҳаққында»ғы жаңа редакциядағы Нызамында прокурор бақлаўының тийкарғы функциялары тәртипке салынған болып, олар прокуратура бақлаўына мәмлекет хызметиндеги өзине тән ҳәкимият қәсийетин береди. Сол көз-қарастан қарағанда, Өзбекстан Республикасы Президенти И. А. Каримовтың «прокуратура уйымлары пуқаралардың мәплерин, атап айтқанда, оларды мәмлекет басымынан да қорғаўшы уйым болыўы керек»[14]лиги ҳаққындағы усынысларына сәйкес рәўиште белгилениўи тийис.

Ҳәзирде бир қатар өзбекстанлы теоретик алымлар ҳәм әмелиятшылар арасында прокуратура ҳәкимиятлар бөлиниўи ҳәм өз-ара бирге ислесиўди әмелге асырыў системасында әҳмийетли ҳәм нәтийжели ислеп атырған мәмлекетлик уйым екенлиги, оны бирде-бир мәмлекет ҳәкимияты системасына кирмейтуғын, өз алдына қойылған ўазыйпаларды орынлаў ушын жетерли ҳәкимият ўәкилликлери берилген мәмлекет хызмети тармағы екенлиги ҳаққында көплеген илимий бақлаўлар бар. Атап айтқанда, З.М. Исломов прокуратураның мәмлекет механизминдеги орны машқалаларын изертлеп, жоқарыдағы көз-қарасларға уқсас пикирлерди билдиреди: «Белгили себеплерге байланыслы прокуратура нызам шығарыўшы ҳәкимиятқа тийисли бола алмайды. Соның ушында айырым ҳуқықтаныўшылар оны атқарыўшы ҳәкимият қурамына киргизиўге умтылады… Бирақ бунда олар прокуратураның өз функциялары мазмунына қарай ҳеш бир мәмлекет ҳәкимияты тармағына муўапық келмеслигин итибардан шетте қалдырады»[15].

Прокуратура уйымларының мәмлекетлик ҳәкимият системасында тутқан орнына баҳа берилгенде Өзбекстан Республикасы Президенти ҳәм прокуратура уйымларының ҳуқықый қатнасықлары ҳаққында тоқтап өтиў орынлы. Бизге белгили, Өзбекстан Республикасы Президенти мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары системасында жетекши орынды ийелейди. Прокуратура болса, арнаўлы ҳәкимият статусына ийе мәмлекетлик уйым сыпатында мәмлекет Президенти ўәкилликлериниң әмелге асырылыўында актив түрде қатнасады.

Президент өз ўәкилликлерин әмелге асырар екен, барлық мәмлекетлик уйымлар, лаўазымлы шахслар ҳәм пуқаралардың конституциялық миннетлемелерин тийисли

[13] Скуратов Ю.И. Роль прокуратуры в укреплении законности и правопорядка//Законность. 1996.№12.-5-б, Морозова В. Какой будет прокуратура?// Санкт-Петербургские ведомости.1997.2 июля.
[14] Каримов И.А. Ўзбек халқи ҳеч қачон, ҳеч кимга қарам бўлмайди. Т.13-Тошкент. «Ўзбекистон», 2005.
[15] Исломов З. К какой власти отнести прокуратуру?–Народное слово., 3 июля 2003 года.

дәрежеде орынланыўын тәмийинлейди. Бул өз гезегинде, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети ҳәм басқа мәмлекетлик уйымлар, сондай-ақ, прокуратураның бақлаў хызмети арқалы әмелге асырылады.

Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен усы әҳмийетли ўазыйпаның орынланыўында ең оптимал ҳәм нәтийжели усылларынан бири сыпатында прокуратура уйымлары айрықша орын ийелейди. Бул бойынша Өзбекстан Республикасы Президенти пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерине, Конституция ҳәм нызамларға бойсыныўдың кепили екенлиги ҳәм Өзбекстан Республикасы прокуратура уйымларының мәмлекетте нызам үстинлигин тәмийинлеў, нызамлылықты, беккемлеў, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң нызам менен қорғалатуғын мәплерин, республиканың конституциялық дүзимин қорғаў ҳаққындағы ҳуқықый қағыйдаларға айрықша итибар бериў керек. Прокуратура уйымларының ўазыйпалары Президенттиң жоқарыда айтып өтилген ўәкилликлериниң орынланыўына сәйкес. Бирақ, олар ҳәр түрли ҳуқықый формаларда әмелге асырылады. Прокуратура мәмлекетлик ҳәкимияттың айрықша уйымы сыпатында ҳәкимияттың барлық тармақлары ортасында тең салмақлылықты сақлаўда мәмлекет басшысының әҳмийетли таяныш буўыны болып хызмет етеди.

Солай етип, прокуратура уйымлары Өзбекстан Республикасы Президентиниң мәмлекетте ҳуқықый турақлылық ҳәмде ҳәкимият тармақларының ҳәрекетлериндеги өз-ара бирге ислесиўин тәмийинлеў хызметиниң тиккелей жәрдемшилеринен бири сыпатында Өзбекстан Республикасының Президентине туўрыдан-туўры есап бериўши уйым сыпатында жумыс алып барады.

Прокурорлардың ҳуқық қорғаў хызмети мәмлекетлик ҳәкимияттың ҳәр түрли тармақларына тийисли болған тексериў (контроль) уйымларының хызметине уқсап кетеди, бирақ бул искерлик көбирек суд ҳәкимиятының функциялары менен жүдә уқсас. Прокуратура суд сыяқлы нызамлардың үстинлигин, нызамлылықтың бирлигин ҳәм беккемлигин, шахс ҳәм мәмлекет мәплериниң қорғалыўын тәмийинлеў мақсетин көзлейди. Ол көпшилик мәселелерди шешиўде суд сыяқлы пуқаралық процессуал, жынаят процессуал ҳәм басқа нызам ҳүжжетлеринде анық белгиленген тәртипте жумыс алып барады.

Прокурорлық хызмети халық ҳәкимиятшылығы көринисиниң әҳмийетли тәреплеринен бири болып, халықтың толық ҳәкимиятшылығын шөлкемлестириў ҳәм әмелге асырыўға көмеклеседи. Прокуратура уйымлары мәмлекет ушын үлкен әҳмийетке ийе болған жәмийетлик қатнасықларды қорғаў менен шуғылланады. Бул хызмет пуқаралық жәмийети ҳәм айрықша шахс ҳуқықларын әмелге асырыў, мәмлекетте

орнатылған ҳуқықый тәртипке қаратылған қәуиплерден қорғаў, инсан ҳәм пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин, сондай-ақ, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң нызам менен қорғалатуғын мәплерин тәмийинлеў механизмин жаратыўда сәўлеленеди. Усы объектлерге қарата прокурорлық бақлаўының бар болыўы ҳәм әмел етиўин талап етеди.

Прокуратураның мәмлекетлик уйымлар системасында тутқан орны ҳаққында сөз еткенде, бул қатнасықлар бир тәрептен мәмлекетлик уйымлар, екинши тәрептен, пуқаралар арасында жүзеге келетуғынлығын айтып өтиў орынлы. Ҳуқықый қатнасықлардың мақсети-шахс, жәмийет ҳәм мәмлекетти қорғаў, нызам үстинлигин тәмийинлеў, Конституцияға бойсыныў, Өзбекстан аймағында ҳәрекет етиўши нызамларды сөзсиз орынлаў, нызамлардың бирдей талқыланыўын ҳәм нызамлылықты беккемлеўден ибарат.

Жоқарыда айтып өтилген прокуратура уйымларының мәмлекетлик ҳәкимият системасында тутқан орны ҳаққындағы пикирлерден, сондай-ақ, бул уйымның мәмлекет раўажланыўында тутқан ҳәзирги дәўирдеги статусы ҳәмде хызметиниң әҳмийетинен келип шығып, прокуратура мәмлекетлик ҳәкимияты институтына тән болған бәрше зәрүр қәсийет ҳәм элементлерге ийе деген жуўмаққа келиў мүмкин. Соннан келип шығып, Өзбекстан мәмлекетлик ҳәкимияты системасында тийкарынан айрықша мәмлекетлик ҳәкимият көринисинде жүзеге келген ҳәм жумыс алып барып атырған прокуратура уйымларының ҳәзирги ҳуқыкый статусына тийисли баҳа бериў мақсетке муўапық. Өзбекстанда бүгинги күнде жүзеге келген ҳуқықый, жәмийетлик-сиясий ҳәм экономикалық қатнасықларда прокуратура уйымлары тийкарынан мәмлекетлик ҳәкимияттың айрықша уйымы көринисинде қатнасып атырғаны бар болған ҳақыйқат. Соның ушын да ҳәзирги реал шынлық ҳуқықый жақтан рәсмий түрде тән алыныўы тийис. Демек, Өзбекстан мәмлекетлик ҳәкимият бөлистирилиўиниң конституциялық системасында прокуратура ҳәкимият статусына ийе болған мәмлекет уйымы сыпатында сәўлеленип, өзине тән функцияны әмелге асырмақта. Тийкарғы мақсет нызам бузыўшылыққа жол қоймаў, бундай жағдай жүзеге келген жағдайда оны сапластырып, ҳуқықый қатнасықларды дәслепки қәлпине келтириўден ибарат. Профессор Ғ. Абдумажидовтиң пикирине муўапық, Өзбекстан прокуратурасы Өзбекстан Республикасы атынан нызам үстинлигин, нызам менен қорғалатуғын инсан ҳәм пуқараның ҳуқық ҳәм еркинликлери, жәмийет ҳәм мәмлекет мәплериниң қорғалыўын тәмийинлейтуғын бирден-бир орайласқан система есапланады. Прокуратураның мәмлекет атынан Өзбекстан Республикасының конституциялық системасын қорғаў ўазыйпасы оның бақлаў функциясына айрықша пәт бериўши фактор сыпатында хызмет қылады. Өзбекстан мәмлекетиниң ҳәзирги экономикалық-сиясий, жәмийетлик ҳәм ҳуқықый раўажланыў

басқышында прокуратура уйымларының қәлиплескен искерлигине мүтәжлик бар болып, жәмийет ҳәм бәрше мәмлекет ҳәкимияты уйымлары болса, бул уйымның усы статуста ислеўинен мәпдар.

Жуўмақлап айтқанда, прокуратура мәмлекетлик ҳәкимияттың ҳәр түрли уйымларының бирге ислесиўин тәмийинлеў арқалы пүткил дүнья мәмлекетлеринде барған сайын ҳәўиж алып баратырған жынаятшылық пенен, атап айтқанда коррупция менен гүресиўде тийкарғы роль ойнаўы тийис. Бул искерлик нәтийжели болыўы менен бирге инсан ҳуқықларын ҳүрмет етиўге тийкарланыўы, әдил судлаўды әмелге асырыўда нызамлылықты кепиллеўи тийис.

## 11 бап. Өзбестан Республикасында прокуратура уйымлары хызмети ҳәм оны жетилистириў мәселелери.

### § 1. Өзбекстан Республикасында прокуратура уйымлары хызметиниң тийкаргы бағдарлары.

Мәмлекеттиң ҳуқықый институтлары системасында прокуратура системасын, прокуратура функцияларын, оның ҳуқықый статусын, шөлкемлестирилиў тәртибин, хызметиниң форма ҳәм усылларын анықлаў әҳмийетли ўазыйпа болып табылады.

2001-жыл 29-август күни Өзбекстан Республикасының «Прокуратура ҳаққында»ғы Нызамы жаңа редакцияда қабыл етилди ҳәм 2001-жыл 27-октябрь күни баспа сөзде жәрияланып, күшке кирди. Жаңа редакциядағы «Прокуратура ҳаққында»ғы нызамға

муўапық, прокурор бақлаўы пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлери, нызамлы мәплерин қорғаўға қарай бурылыс жасады. Ендиликте прокурорлардың хызметин баҳалаў өлшеми сыпатында белгили аймақтағы нызамлылықтың жағдайы, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлери, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң нызамлы мәплериниң қорғалыў дәрежеси белгиленди[16]. Себеби, «Демократиялық жәмийетте пуқаралар емес, ал олардың нызамлы ҳуқық ҳәм мәплериниң қай дәрежеде қорғалып атырғаны прокурор бақлаўының объекти есапланады»[17].

Нызамдағы бир қатар тийкарғы өзгерислерди көрссетип өтиў прокуратураның ҳәзирги ўақыттағы ўазыйпалары ҳаққында толығырақ түсиникке ийе болыў имкәнын береди.

Бириншиден, пуқаралар прокуратураның бақлаў объектлери қатарынан шығарылды, нызамға арнаўлы бап киритилип, онда пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин тиккелей қорғаў ўәкиллиги жүклетилди.

Екиншиден, жынаятшылыққа қарсы гүрес бойынша жумысын муўапықластырыў бойынша прокуратура уйымларының ўәкилликлериниң ҳуқықый тийкарлары ҳәм механизми анық көрсетилди.

Үшиншиден, Өзбекстан Республикасы «Судлар ҳаққында»ғы нызам талапларынан келип шыққан ҳалда судта прокурор қатнасының түп мәниси ҳәм бас мақсети анық белгиленди.

Төртиншиден, прокурорлық тексериўлердиң өткерилиў тийкарлары анық көрсетилди, яғный нызам талаплары бузылғанлығы ҳаққындағы арзалар ямаса баска мағлыўматлар ҳәм прокурор шараларының көрилиўи талап етилген нызамлылық жағдайы.

Бесиншиден, прокурордың тәсир шараларынан бири болған «әмирнама» прокурор бақлаўы ҳүжжетлери қатарынан шығарылды. Оның орнына «усыныс» деп аталыўшы прокурор бақлаўы ҳүжжетинен пайдаланыў белгиленди. «Арза» деп аталыўшы прокурор бақлаўы ҳүжжети енгизилди. Прокурордың «протести» ўақтында көрип шығылмағанда ямаса рад етилгенде, прокурор тәрепинен нызамсыз деп есапланган ҳүжжетти суд тәрепинен нызамсыз деп табыў ушын судқа «Арза» менен прокурордың мүрәжат етиў тәртиби белгилеп берилди.

Алтыншыдан, Бас прокурор қабыл еткен индивидуал қәсийетке ийе болмаған буйрықлар ҳәм басқа ҳүжжетлердиң нызамлылығын тексериў ўәкиллиги Өзбекстан Республикасы Конституциялық судына берилди.

---

[16] Қодиров Р.Ҳ. Адолат ва қонунийлик йўлида.-Тошкент, Қонун ҳимоясида.2003. 7-сон.-Б.Э-4.
[17] Каримов И.А. Ҳавфсизлик ва тинчлик учун курашмоқ керак. Т.10.-Тошкент.:»Ўзбекистон»,2002.-Б.47

Жетиншиден, Нызамдағы «улыўма бақлаў» атамасы «Нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаў» атамасы менен алмастырылды.

Сегизиншиден, Республика Бас прокурорының ҳәр алты айда Өзбекстан Республикасы Президентине есабат бериў механизми енгизилди.

Тоғызыншыдан, ҳуқықбузарлықлардың алдын алыў прокурордың тийкарғы ўазыйпаларының бири сыпатында нызамда белгиленди ҳәм ол нызамлылықты тәмийинлеўде пуқаралардың ҳуқықый билим ҳәм басламалық қәсийетлерин асырыў мәселесине байланыстырылды.

Оныншыдан, салық интизамын беккемлеўге, салық тараўындағы жынаятлар ҳәм ҳуқықбузарлықларға қарсы гүреске, сондай-ақ мәмлекетке келтирилген экономикалық зыянның орнын қаплаўға қаратылған нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаў ўазыйпалары жүклетилди.

Нызамга жаңа бап киритилди. Бул бап «Пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерине бойсыныў үстинен прокурор бақлаўы» деп аталып, прокурор бақлаўының предмети ҳәм объекти болып тиккелей пуқараларымыздың ҳуқық ҳәм еркинликлерине министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, мекемелер, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, кәрханалар, шөлкемлер, ҳәкимлер ҳәм басқа лаўазымлы шахслар тәрепинен бойсынылыў есапланады.

Өзбекстан Республикасы прокуратура уйымларының тийкаргы ўазыйпалары нызам үстинлигин тәмийинлеў, нызамлылықты беккемлеў, пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң нызам менен қорғалатуғын мәплерин, Өзбекстан Республикасының конституциялық дүзимин қорғаў, ҳуқықбузарлықлардың алдын алыў ҳәм профилактикадан ибарат.

Прокурорлық бақлаўдың өзине тән тәреплери бар болып, олар:

1. ҳәрекеттеги барлық нызамлардың пуқаралар ҳәм шөлкемлер тәрепинен олардың хызмет шеңберине қарамастан анық ҳәм дурыс қолланылыўын тәмийинлеў;

2. прокурорлық бақлаў-прокуратура хызметиниң бир бағдары;

3. прокурорлық бақлаў жоқары нызам шығарыўшы ҳәм атқарыўшы уйымларға, Өзбекстан Республикасының жоқары лаўазымлы шахсларына, улыўма юрисдикция судларына, хожалық судларына ҳәм Өзбекстан Республикасы Конституциялық судына қарата қолланылмаўы есапланады.

Өзбекстан Республикасы «Прокуратура ҳаққында»ғы нызамның 4-статьясында прокуратура уйымлары хызметиниң тийкаргы бағдарлары көрсетилген болып, олар төмендегилерден ибарат:

министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, басқармалар, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, жәмийетлик бирлеспелер, кәрханалар, мекемелер, шөлкемлер, ҳәкимлер ҳәм басқа лаўазымлы шахслар тәрепинен нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаў;

пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге қаратылған нызамлардың орынланыуы үстинен бақлаў;

Өзбекстан Республикасы Қураллы күшлеринде, министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм басқармалардың әскерий дүзилмелеринде нызамларға бойсыныў үстинен бақлаў;

оператив-қыдырыў жумысын, сорастырыўды, дәслепки тергеўди әмелге асыратуғын уйымлар тәрепинен нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаў ҳәмде олардың жынаятшылыққа қарсы гүрес бойынша жумысын муўапықластырыў;

жынаятлар бойынша дәслепки тергеўди алып барыў;

судларда жынаят ислери көрип шығылып атырғанда мәмлекетлик айыплаўды қоллап-қуўатлаў, судларда пуқаралық ислерин, ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықларды ҳәмде хожалық даўларын көриўде қатнасыў, нызамларға қайшы болған суд ҳүжжетлерине протест келтириў;

салық интизамын беккемлеўге, салық тараўындағы жынаятлар ҳәм ҳуқықбузарлықларға қарсы гүреске, сондай-ақ, мәмлекетке жеткизилген экономикалық зыянды қаплаўға қаратылған нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаў;

услап турылғанларды, қамаққа алынганларды сақлаў орынларында, жынайый жазаларды ҳәм жынайый-ҳуқықый тәсирдиң басқа шараларын орынлаў ўақтында нызамларға бойсыныў үстинен бақлаў;

нызам дөретиўшилиги жумысында ҳәмде жәмийетте ҳуқықый мәдениятты жетилистириў жумысында қатнасыў.

Теорияда прокуратура хызметиниң бағдарларын прокурор бақлаўы тармақлары деп ажыратыў қабыл етилген. Прокурор бақлаўының тармақлары деп усы тармақтың өзине тән предмети ҳәм прокурор ўәкиллигин өзинде сәўлелендириўши арнаўлы бийғәрез бир бөлегин тән алады[18].

"Прокуратура ҳаққында"ғы нызам прокуратура хызметиниң пүткил бағдарларын төрт прокурор бақлаўы тармағына ажыратады:

1. Нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаў.

2. Пуқараларның ҳуқық ҳәм еркинликлерине бойсыныуыўы үстинен бақлаў.

---

[18] Гуценко К.Ф., Ковалев М.А. Правоохранительные органы. Yuridik oliy o‘quv yurtlari va fakul`tetlari uchun darslik. 6-nashr./K.F. Gusenkoning tahriri ostida. –М.: ЗЕРЦАЛО–М, 2001. –B.288-294.

3. Жынаятшылыққа қарсы гүресті әмелге асырыўшы мекемелер тәрепинен нызамларға бойсыныў үстинен бақлаў.

4. Услап турылғанларды, қамаққа алынғанларды сақлаў орынларында, жынайый жазаларды ҳәм жынайый-ҳуқықый тәсирдиң басқа шараларын орынлаў ўақтында нызамларға бойсыныў үстинен бақлаў.

Буннан тысқары, прокуратура хызметиниң басқа бағдарлары да ажыратылған болып, бул бағдарлар:

- жынаятлар бойынша дәслепки тергеўди алып барыў;

- жынаятшылыққа қарсы гүресиўши ҳуқық қорғаў уйымларының жумысын муўапықластырыў.

Министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, мекемелер, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, жәмийетлик бирлеспелер, кәрханалар, басқармалар, шөлкемлер, ҳәкимлер ҳәм басқа лаўазымлы шахслар тәрепинен нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаў прокуратура жумысының ең биринши ҳәм кең көлемли тармағы есапланады. Бул тармақ улыўма бақлаў деп те аталады, оның бундай аталыўы болса тарийхый тийкарга ийе. Бул терминнан Өзбекстан Республикасының 1992-жылдағы "Прокуратура ҳаққында"ғы нызамында да пайдаланылған.

Бирақ, 2001-жыл 29-август күни жаңа редакцияда қабыл етилген Өзбекстан Республикасының "Прокуратура ҳаққында"ғы нызамында "улыўма бақлаў" термини пайдаланылмаған. Министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, басқармалар, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, жәмийетлик бирлеспелер, кәрханалар, мекемелер, шөлкемлер ҳәмде министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм басқармалардың әскерий бөлимлери, әскерий дүзилмелер, ҳәкимлер ҳәм басқа лаўазымлы шахслар тәрепинен нызамлардың орынланыўы, сондай-ақ, олар тәрепинен қабыл етилип атырған ҳүжжетлердиң Өзбекстан Республикасы Конституциясы ҳәм нызамларына муўапықлығы бақлаў предмети есапланады. (Өзбекстан Республикасының "Прокуратура ҳаққында"ғы нызамының 20-статьясы).

Прокурор нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаўды әмелге асырыў процессинде өз ўәкилликлери шеңберинде:

министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, басқармалардың, кәрханалар, мекемелер, шөлкемлердиң, әскерий бөлимлердиң аймағы ҳәм ханаларына қарсылықсыз кириўге, ҳүжжетлер ҳәм материалларды көриўге, тексериўлер өткериўге, тексериў ушын қарарлар, бийликлер, буйрықлар ҳәм басқа ҳүжжетлерди, нызамлылықтың жағдайы ҳаққындағы ҳәм оны тәмийинлеўге тийисли ис-иләжлар ҳаққындағы мағлыўматларды талап етиўге;

мәмлекетлик уйымлар, әскерий бөлимлер, министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм басқармалардың әскерий дүзилмелериниң басшылары ҳәм басқа лаўазымлы шахсларынан олардың ийелигиндеги кәрханалар, мекемелер, шөлкемлердиң жумысын тексериў, ревизия өткериў, ведомствалық ҳәм ведомствалық емес тексериўлер өткериў ушын қәнийгелер ажыратыўды талап етиў;

лаўазымлы шахслаар ҳәм пуқаралардан нызам бузылыў жағдайы ҳаққында аўызеки ямаса жазба түсиник бериўди талап етиўге ҳақылы.

Нызам бузылыў жағдайы анықланғанда прокурор нызамда нәзерде тутылған шараларды көриўге мәжбүр екенлиги нызамда көрсетип өтилген.

Нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаў-өзиниң мазмуны жағынан оғада қурамалы искерлик есапланады. Нызам бойынша бақлаў хызметиниң ҳәр түрли шеңберлерде тарқалғанлығы, ҳәр бир шеңберде ол өзине тән қәсийетлерге ийе болады. Буннан тысқары, ҳәр түрли ҳуқықый қураллар қолланылады. Прокурордың тәсир етиў шарасы информациялық характерге ийе.

Мысалы, Мәмлекетлик басқарыў уйымының нызамсыз актине протест келтирилгенде сол уйым ямаса жоқары турыўшы уйымға мазмуны жағынан дурыс қарар қабыл етиўди усыныс етеди.

Бирақ келтирилген протест ямаса усыныс бойынша қарар қабыл етиў, тек басқарыў уйымы ямаса суд тәрепинен әмелге асырылады.

Айырым ўақытлары прокурордың ўәкилликлери ҳәкимият-атқарыў характерине ийе. Мәселен, сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў ўақтында судтың жазаны ямаса суд-медициналық характердеги мәжбүрлеў шарасын қоллаў бойынша қарарларының орынланыўы бойынша прокурор бақлаўы мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары, хожалық ҳәм басқарыў уйымлары, хожалық жүритиўши субъектлер, шөлкемлер, олардың лаўазымлы шахслары тәрепинен пуқаралардың, мәмлекет ҳәм жәмийет мәплерин бузыўшы қарарына тәсир етиў, нызамда белгиленген тәртип ҳәм усылда ҳуқықбузарлықтың алдын алыў, оны келтирип шығарған себеплерди сапластырыў, бузылған ҳуқықларын тиклеў, айыпкерлерди жуўапкершиликке тартыў ҳәр бир бағдарда оның өзине тән предмети болып, ол нызамшылықта бекеемлеп қойылған.

Прокурорлар Конституция, нызамлардың ҳәмде нызам асты ҳүжжетлериниң орынланыўы үстинен бақлаў алып барады. Бақлаўдың улыўма предметине төмендеги улыўма мәжбүрий норматив актлер кирмейди:

- Президент пәрманлары;
- Министрлер Кабинетиниң қарар ҳәм бийликлери.

Булардың орынланыўын президент аппаратының бақлаў уйымлары әмелге асырады.

Прокурорға оның өзи нызамсыз ҳәм тийкарға ийе болмаған деп есаплаған қарарды туўрыдан-туўры бийкар етиў ямаса өзгертиў ҳуқықы берилмеген. Прокурорға берилген ўәкилликлер нызам бузылыў жағдайларын өз ўақтында анықлаў, анықланған нызам бузылыў жағдайларына қарата усы нызам бузылыў жағдайын сапластырыў ҳуқықына ийе болған шахслардың дыққатын қаратыў, ҳуқықбузарларды нызам менен белгиленген тәртипте жуўапкершиликке тартыў ҳәм ҳуқықбузарлықларды келтирип шығарған себеп ҳәм шәраятларды сапластырыў шараларын көриў имкәнын береди. Бул тараўдағы прокурордың ўәкилликлери тийкарынан Өзбекстан Республикасы "Прокуратура ҳаққында"ғы нызамның 22-статьясында көрсетилген.

Пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм еркинликлерине бойсыныў үстинен бақлаўды әмелге асырыў бойынша өзине жүклетилген ўазыйпаларды шеңберинде прокурор:

Пуқараның хукык ҳәм еркинликлериниң бузылғанлығы ҳаққындағы арзалар, шағымлар ҳәм басқа мағлыўматларды көрип шығады ҳәм тексереди;

Арза ийелерине ҳуқық ҳәм ерикнликлерин қорғаў тәртибин түсиндиреди;

Пуқараның ҳуқық ҳәм еркинликлериниң бузылыўының алдын алыў ҳәм сапластырыў, нызамды бузған шахсларды жуўапкершиликке тартыў ҳәм жеткизилген зыянды қаплаў шараларын көреди.

Пуқараның ҳуқық ҳәм еркинликлериниң бузылыўын жынайый характерге ийе деп табыў ушын тийкарлар бар болғанда прокурор жынаят исин қозғатады ҳәмде оны садыр еткен шахслар нызамға муўвапық жынайый жуўапкершиликке тартылыўына байланыслы шараларды көреди.

Пуқараның ҳуқық ҳәм еркинликлериниң бузылыўы ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық қәсийетине ийе болған жағдайларда прокурор ҳәкимшилик ҳуқықбузарлық исин қозғатады ямаса тезлик пенен ҳуқықбузарлық ҳаққындағы мағлыўматты ҳәм тексериў материалларын ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлар бойынша ислерди көрип шығыў ўәкиллигине ийе уйымға ямаса лаўазымлы шахсқа береди.

Нызамлардың жынаятшылыққа қарсы гүрести әмелге асыратуғын уйымлар тәрепинен орынланыўы үстинен бақлаў процессинде прокурор өз ўәкилликлери шеңберинде:

сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў уйымларынан тексериў ушын жынаят ислерин, сорастырыў, оператив-қыдырыў жумысының ҳүжжетлери ҳәм материалларын ҳәмде басқа мағлыўматларды талап етеди;

садыр етилген ямаса таярланып атырған жынаятлар ҳаққындағы арза ҳәм хабарларды қабыл етиў, дизимнен өткериў ҳәмде шешиў ҳаққындағы нызам талапларының орынланыўын ҳәр айда кеминде бир рет тексереди;

тергеўшилер ҳәм сорастырыўшылардың нызамсыз ҳәмде тийкарсыз қарарларын бийкар етеди;

жынаятларды тергеў, ықтыят шарасын таңлаў, өзгерис ямаса бийкар етиў, жынаятты квалификациялаў, айыпланыўшы сыпатында иске тартыў, айырым тергеў ҳәрекетлерин орынлаў ҳәм жынаят садыр етип жасырынған шахсларды қыдырыў бойынша жазба көрсетпелер береди;

сорастырыў уйымларына услаў, мәжбүрий келтириў, қыдырыў, тинтиў өткериў, алып қойыў ҳаққындағы қарарларын ҳәм судтың қамаққа алыў түриндеги ықтыят шарасын қоллаў  ҳаққындағы уйғарыўын орынлаўды, басқа тергеў ҳәрекетлерин, сондай-ақ, прокурор ямаса прокуратура тергеўшисиниң ис жүритиўиндеги ислер бойынша тергеў ҳәрекетлерин орынлаўды тапсырады, жынаятларды ашыў ҳәм жынаят садыр еткен шахсларды табыў ушын зәрүр шараларды көриў бойынша көрсетпелер береди;

сорастырыўда, дәслепки тергеўде қатнасады ҳәмде зәрүр жағдайларда жынаят-процессуал нызамға муўапық ҳәр қандай ис бойынша айырым тергеў ҳәрекетлерин жеке өзи атқарады ямаса тергеўди толық көлемде әмелге асырады;

дәслепки тергеў мүддетин узайтады, ықтыят шарасы сыпатында қамақта сақлаў мүддетин узайтыў ҳаққында судқа илтимаснама киритеди;

жынаят ислерин сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў уйымларына қосымша тергеў өткериў бойынша өз көрсетпелери менен қайтарады;

жынаят исин сорастырыў уйымынан тергеўшиге, прокуратураның бир тергеўшиден басқасына, жынаят-процессуал нызамда белгиленген жағдайларда ҳәм тәртипте болса бир дәслепки тергеў уйымынан басқасына өткереди;

сорастырыўшыны ямаса тергеўшини, егер ол исти тергеў ўақтында нызам бузылыўға жол қойған болса, сорастырыў ямаса дәслепки тергеўди даўам еттириўден шетлетеди;

нызамда нәзерде тутылған жагдайларда, тергеў ҳәрекетлериниң алып барылыўына санкция береди, қамаққа алыў түриндеги ықтыят шарасын қоллаў ҳаққында судқа илтимаснама киритеди ямаса илтимаснамаға разылык береди, амнистия актына муўапық жыынаят исин қозғатыўды рад етиў ҳаққында яки жынаят исин тамамлаў ҳаққында судқа илтимаснама киритеди;

жынаят ислерин қозғатады ямаса оларды қозғатыўды рад етееди, жынааят ислерин тамамлайды ямаса олар бойынша ис жүритилиўин тоқтатады;

нызамда нәзерде тутылған жағдайларда тергеўшиниң исти тамамлаўына разылық береди;

айыплаў жуўмағын ямаса қарарын тастыйықлайды, исти судқа жибереди;

нызамға муўпық басқа ўәкилликлерди әмелге асырады.

Прокурор услап турылғанларды, қамаққа алынғанларды сақлаў орынларында, жынайыйй жазаларды ҳәм жынайый-ҳуқықый тәсирдиң басқа шараларын орынлаў ўақтында нызамларға бойсыныў үстинен әмелге асырып, өз ўәкилликлерпи шеңберинде:

Услап турылғанларды, қамаққа алынғанларды сақлаў орынларына, қамаққа алыў, интизамий бөлимге жибериў, еркинен айырыў түриндеги жазаларды орынлаў мекемелерине, медициналық түрдеги мәжбүрлеў шараларын орынлаўшы мекемелерге ҳәм ер жетпегенлердиң арнаўлы оқыў-тәрбиялық мекемелерине қарсылықсыз ҳәм қәлеген ўақытта барлық ханалар менен танысыў шәрти менен кириўге, шахсларға қарата услап турыў, қамаққа алыў, сондай-ақ жынайый жаза ямаса жынаят-ҳуқықый тәсирдиң басқа шараларын қоллаўға тийкар болған ҳүжжетлер менен танысыўға;

Услап турыў, қамақта сақлаў орынларында, қамаққа алыў, интизамий бөлимге жибериў, еркинен айырыў түринлеги жазаларды орынлаў мекемелеринде, медициналық характердеги мәжбүрлеў шараларын орынлаў мекемелеринде, ер жетпегенлердиң арнаўлы оқыў-тәрбиялық мекемелеринде нызамсыз сақлап турылған шахсларды дәрҳәл азат етиўге, ҳүким етилген шахсты амнистия актине тийкарланып жазадан азат ентиў ҳаққындағы судқа илтимаснама киритиўге;

егер қамақта сақланып атырған, қамақ жазасына, интизамий бөлимге жибериўге, еркинен айырыў жазасына ҳүким етилген шахсларға қарата қолланылған интизамий жаза шаралары нызамға қайшы болса, бул шараларды бийкар етиўге ҳәм өз қарары менен бундай шахсларды интизамий бөлимшелерден дәрҳәл азат етиўге;

услап турылғанлар, қамаққа алынғанлар, ҳүким етилгенлерден ҳәм жынаят-ҳуқықый тәсирдиң басқа шаралары қолланылған шахслардан услап турыў, қамақта сақлаў, жазаны ҳәм жынаят-ҳуқықый тәсирдиң басқа шараларын атқарыўшы уйымлар ҳәмде мекемелердиң ўәкиллериниң қатнасында да, олар болмаған жағдайда да сорап-сорастырыўға;

услап турыў, қамақта сақлаў, жазаны ҳәм жынаят-ҳуқықый тәсирдиң басқа шараларын орынлаўшы мекемелер ҳәмде мекемелер администрациясының буйрықлары, бийликлери ҳәм қарарлары, оператив-қыдырыў иләжларының нызамға муўапықлығын тексериўге;

услап турылғанлар, қамаққа алынғанлар, ҳүким етилгенлердиң ҳәм жынаят-ҳуқықый тәсирдиң басқа шаралары қолланылған шахслардың ҳуқықларын тәмийинлейтуғын

шәраятлардың жаратылыўын услап турыў, қамақта сақлаў, жазаны ҳам жынаят-ҳуқықый тәсирдиң басқа шараларын атқарыўшы уйымлар  ҳәмде мекемелер администрациясынан талап етиўге;

жазаны орынлаўшы мекеме баслығының ҳүким етилгенлерге айрықша жағдайларда мекеме тысқарысына шығыўға рухсат бериў ҳаққындағы, он сегиз жасқа толған ҳүким етилген шахсты тәрбия колониясында қалдырыў ҳаққындағы, ҳүким етилген ҳаяллардың жазаны орынлаў мекемесинен тысқарыда ислеўи ҳаққындағы  қарарларын тастыйыклаўға ҳақылы.

Прокуратура жумысының мазмунын, қурамын ҳәм көлемин сәўлелендириўши ҳәм ашып бериўши түсиник бул оның функциялары есапланады. Прокуратура уйымларының функциялары дегенде олардың өз ўазыйпаларын әмелге асырыў процесинде қолланатуғын усыл ҳәм қураллар мазмуны түсиниледи.

Прокуратура уйымларын шөлкемлестириўге себеп болған әҳмийетли функция-бул нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаў есапланады.

Прокуратура өз жумысын әмелге асырыўда бақлаў функциясынан ҳәм функция асты ўазыйпаларынан пайдаланады. Функция асты ўазыйпаларына төмендегилер киреди:

- министрликлер, комитетлер, басқармалар, мәмлекетлик басқарыў ҳәм ҳәкимият уйымлары, өзин-өзи басқарыў уйымлары, әскерий басқарыў уйымлары, қадағалаўшы уйымлар, олардың лаўазымлы шахсларының нызамларды орынлаўы ҳәм нызам тийкарында қарарлар қабыл етилиўин бақлаў;

- министрликлер, комитетлер, басқармалар, мәмлекетлик басқарыў ҳәм ҳәкимият уйымлары, өзин-өзи басқарыў уйымлары, әскерий басқарыў уйымлары, қадағалаўшы уйымлар, олардың лаўазымлы шахслары, коммерциялық ҳәм коммерциялық емес шөлкемлердиң басқарыў ҳәм баслығы тәрепинен пуқаралардың ҳуқық ҳәм миннетлемелерин тәмийинлеўи үстинен бақлаў;

- оператив қыдырыў, сорастырыў ҳәм тергеў уйымлары тәрепинен нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаў;

- жазаларды ҳәм басқа ҳуқықый тәсир шараларын орынлаўшы уйымлар ҳәм мекемелер, қамақта сақлаў ҳәм услап турыў орынларының администрациясы тәрепинен нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаў;

- барлық суд ис жүритиў басқышлары ҳәм инстанцияларында қатнасыў ҳуқықы.

Бунда ол судлар үстинен бақлаўды әмелге асырмайды, ал суд тәрепинен шығарылған қарарлардың нызамға муўапықлығын тексерип, зәрүр жағдайларда протест келтиреди. Судлардың нызамлы ҳәм тийкарланған қарар қабыл етиўине жәрдемлеседи.

Бул функциялар өз-ара байланыслы ҳәм бирин-бири толықтырып турады. Олардың жыйындысы прокурорлық бақлаўды қурайды.

Садыр етилген жынаятларды жынайый қуўдалаў функциясының тийкаргы мазмуны прокурордың төмендеги ўәкилликлеринде сәўлеленеди:

- ҳәр қандай жынаят бойынша ис қозғатыў;

- тийисли тергеўшиге оны ис жүритиўге қабыл етиўди тапсырыў;

- тергеўге тийислилигине қарамастан оны өз ис жүритиўине қабыл етиў;

- тергеўге тийислилигине қарамастан исти тергеўди прокуратура тергеўшисине тапсырыў.

Садыр етилген жынаятлар ушын жынайый қуўдалаў етиў-функциясын басқа ҳуқықты қорғаўшы уйымлар тергеўди тийисли форма ҳәм тәртибинде әмелге асырылады.

Ҳәр бир мәмлекет ҳуқықый системасында дәслепки тергеў алып барыўшы арнаўлы аппаратына ийе болып, бул искерлик жынаят процессуал нызамшылық тийкарында алып барылады. Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал нызамшылығында тергеўге тийислилик түсиниги бар болып, прокуратура да усы тийислилик тийкарында тергеў алып барады. Оның қурамына бақлаў хызмети менен оның қурамы ҳәм характерине байланыслы жынаятлар киреди.

Бунда прокурордың басқа мәмлекетлик уйымларынан өзгешелик тәрепи соннан ибарат, ол ҳәр қандай жынаятты, тергеўге тийислилигине қарамастан бойсыныўшы тергеўши ямаса прокурорға бериўи мүмкин.

Прокурордың усы ўәкилликлери бирден-бир орайластырылғанлығы ҳәм оның қол астында жынаяттың тәғдирин белгилеў, яғный садыр етилген жынаятты ашыў ямаса ашылмаўына бағдарлаўшы күш бар. Бул күш болса ўәкилликлерде қамтылған, ўәкилликлерден нызамлы ҳәм ҳүжданлы түрде пайдаланыў прокурор шахсына тийисли мәселе. Бул ўәкилликлерден ақылға муўапық пайдаланыў ҳәм өз ўазыйпаларына ҳүжданлы қатнаста болыў прокуратураның абырайының артыўына алып келиўи менен бирге прокуратура системасында да унамлы алға илгерилеўге себеп болады.

Прокуратура тәрепинен ҳуқық қорғаў уйымларының жумысын муўапықластырыў бийғәрез функция болып есапланады. Муўапықластырыў ҳуқық қорғаў уйымларына басшылық етиўди аңлатпайды, себеби олардың барлығы нызамға тийкарланып ҳәм өзлерине берилген ўәкилликлер шеңберинде жумыс алып барады. Бунда ол ҳуқық қорғаў уйымларының өз-ара бирге ислесиўде ҳәм олардың ўазыйпа, мақсетлери, ўәкилликлери ҳәм оларды әмелге асырыў усылларына муўапық жумысын тәмийинлеў киреди. Прокуратура өз ўәкилликлери, ўазыйпалары шеңберинде, кадрлар қурамы ҳәм бар болған тәжрийбесинен келип шығып ҳуқық қорғаў уйымлары жумысын муўапықластырыў

ўазыйпасын атқарады. Муўапықластырыў прокурор бақлаўы тармақларының өз-ара бирге ислесиўин, сондай-ақ, жынаятшылыққа қарсы жәнеде нәтийжелирек гүрес алып барыў ушын мәмлекетлик ҳәкимияттың барлық уйымлары, мәмлекетлик емес шөлкемлери менен тығыз байланысты нәзерде тутады.

Және бир бийғәрез функциясы бул нызам дөретиўшилик функциясы болып табылады. Бунда прокурор өз ўәкилликлерин әмелге асырыў процесинде нызамлардағы кемшиликлер ямаса оларға өзгерислер киритиў яки жаңасын қабыл етиў мәселеси бойынша нызамшылық басламасына ийе болған субектлер ямаса сондай ҳуқықларды әмелге асыратуғын төмен турыўшы ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымына сондай усыныс ҳәм жойбарларды усынады.

## § 2. Өзбекстан Республикасында прокуратура уйымлары жумысын жетилистириў мәселелери.

Дүньяда прокуратура уйымлары системаларының ҳәр түрилилигине қарамастан, олардың хызмети мәмлекет, жәмийет, пуқаралардың мәплерин қорғаўға қаратылған. БМШ ның 8-конгрессинде қабыл етилген  прокуратура магистратларына тийисли жынаятшылықтың алдын алыў ҳәм ҳуқықбузарлар менен қатнаста болыў ҳаққындағы Басшы принциплерге муўапық, прокурорлар әдил судлаўды әмелге асырыўда үлкен роль ойнайды. Оған байланыслы қағыйдалар ҳәм процедуралар прокурорлардың инсан ҳуқықларын қорғаў бойынша искерлигин хошаметлеўге қаратылған.  Дерлик барлық мәмлекетлердиң нызамшылығында ҳәм әмелиятында прокуратура уйымларының хызмети объективлик, қалыслық ҳәм бийғәрезлик принциплерине тийкарланады. Прокуратура ҳәр қандай сыртқы тәсир, сондай-ақ, сиясий ҳәкимият тәсиринен де бийғәрез. Сондай=ақ, прокуратуралардың улыўма принципи-оның ҳәрекетшеңлиги болып табылады. Оның ҳәрекетшеңлиги нызамларда прокуратура уйымларына берилген ўәкилликлер шеңбериниң кеңлиги менен белгиленеди. Прокуратураның тийкарғы ўазыйпасы жәмийетти жынаятшылықтан қорғаў. Бул мәселени шешиўде прокуратура жынаятшылыққа қарсы гүрестиң нызамға ҳәм оның ҳуқықый статусына қайшы болмаған шараларын өзи анықлайды.

Әдетте, барлық мәмлекетлерде прокуратура төменнен жоқарыға  бойсыныў принципи тийкарында шөлкемлестириледи. Бирақ, айырым мәмлекетлерде бул қағыйдадан шетке шығыўда ушырасып турады (АҚШ тағы атторней хызмети).

Дүньяның анаў ямаса мынаў мәмлекетиндеги прокуратура уйымларының статусы, ўәкилликлери ҳәм жумыс бағдарлары белгили мәмлекеттиң экономикалык, социаллык, сиясий ҳәм ҳуқықый жағдайына сәйкес ҳалда белгиленген. Дәўир талабы менен усы шәраятлардың өзгериўи болса, прокуратура уйымларының ҳуқықый статусына анықлық киритип барылыўына себеп болады. Атап айтқанда, мәмлекетимиз турмысында избе-из әмелге асырылып атырған демократиялық өзгерислер, сондай-ақ, суд-ҳуқық тараўындағы түпкиликли реформалар, өз нәўбетинде, прокуратура уйымларының жумысына да тиккелей өз тәсирин тийгизиўи сөзсиз. Сол себепли, прокуратура уйымларының ҳәзирги ҳуқықый статусынын да үзликсиз жетилисиўи ҳәм өзгерип барыўы тәбийий.

Прокурор бақлаўы мәмлекет көлеминде нызам үстинлиги ҳәм нызамлылықтың бир пүтинлигин тәмийинлеўден ибарат объектив мүтәжликлердиң бар болғанлығы себепли пайда болады. Нәтийжеде жәмийетте бирден бир нызамлылықтың енгизилиўине бағдарланған бақлаўды әмелге асырыў менен байланыслы болған ҳуқықый қатнасықлар қәлиплеседи ҳәм раўажланады.

Сол мақсетте прокуратура хызметиниң барлық тийкарғы бағдарлары, сондай-ақ, нызамларға бойсыныў үстинен бақлаў, сорастырыў, тергеў, оператив-қыдырыў жумыслары үстинен бақлаў, жынайый қуўдалаў ҳәмде ҳуқық қорғаў уйымларының жынаятшылыққа қарсы гүрес тараўындағы жумысларын муўапықластырыў сыяқлы ўазыйпалары сақланып қалған ҳәм раўажландырылмақта.

Изертлеўлер даўамында прокуратураның мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары системасында тутқан орны, статусы ҳәм хызметин жетилистириў бойынша илимпазлар тәрепинен илимий әдебиятларда бир қанша пикирлер билдирилген. Олардың айырымларына тоқталып өтсек.

Прокуратура уйымларының мәмлекетлик ҳәкимият системасында ҳәзирги ўақытта тутқан орны ҳәм конституциялық статусын анықластырып алыў, усы мәмлекетлик уйымның жәмийеттиң келешектеги раўажланыў перспективасын болжаў ушын ҳуқықый ҳәм әмелий тийкарлар жаратыўға хызмет етеди. Прокуратура уйымлары мәмлекетте избе-из әмелге асырылып атырған суд-ҳуқық реформаларының әҳмийетли қурамлы системасын қурайды. Әдил судлаўды демократияластырыў, нызам үстинлигин тәмийинлеў, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қоргаў процесслери тиккелей прокуратура уйымлары хызметине де байланыслы. Айырым хуқықтаныўшы алымлар ҳәм әмелиятшылардың базыда прокуратураның бақлаў тараўын тарайтыў, прокуратура уйымлары функцияларын тек ғана жынаят ислери бойынша айыплаўды қоллап-қуўатлаў менен шеклеў, ягный прокурорды тек ғана «мәмлекетлик айыплаўды қоллап-қуўатлаўшы тәрепке» айландырыў, прокуратураның пуқаралық ислерди көрип шығыўға араласыўын қысқартыў керeклиги

ҳаққында билдирилип атырған усынысларын тийкарлы деп айтыўға болмайды. Ғәрезсизлик жылларында прокуратура уйымлары жумысының ҳуқықый тийкарлары түптен қайта шөлкемлестирилди ҳәм жетилистирилди. Демократиялық реформалар процесинде прокуратураның инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў ўәкилликлерин кенейтиўге үлкен дыққат қаратылды. Нәтийжеде прокуратурадан бурынгы совет системасында қәлиплескен «қаралаўшы»лык ўәкилликлери алып тасланып, ол пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин, шахс, жәмийет ҳәм мәмлекет мәплерин қорғаўшы уйымға айландырылды.

Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлериниң кепили сыпатындағы ўәкилликлериниң орынланыўында прокуратура дәлдәлшы уйым сыпатында айрықша орын ийелейди. Прокуратура уйымларының нызамда белгиленген ўәкилликлери мәмлекет баслыгының жоқарыда айтып өтилген ўазыйпаларының орынланыўына толық түрде сәйкес келеди. Бирақ, олар ҳәр түрли ҳуқықый формаларда әмелге асырылады. Прокуратура уйымлары мәмлекетте турақлылық, тынышлык ҳәм пәраўанлыкты ҳәмде ҳәкимият тармақлары жумысындағы бир-бирине сәйкес келиў ҳәм бирге ислесиўди тәмийинлеў бойынша әмелий ҳәрекетлерде Өзбекстан Республикасы Президентиниң тийкарғы таянышы есапланады.

Прокурор бақлаўы институты оны ҳуқықый тәртипке салыў тәртибиниң өзине тән қәсийети менен ажыралып турады. Прокуратураның мәмлекетлик уйымлар системасындағы статусы оның жумысын бақлаў ҳәкимияты сыпатында ҳуқықый тәртипке салыўдың тийисли усыллары (субординация ҳәм автономия)ның болыўын талап етеди. Прокурор баклаўын әмелге асырыў арнаўлы ҳуқықый процессуал форма менен тығыз байланыслы. Прокурор бақлаўына тийисли ҳуқықый қатнасықлар өз мазмунына қарай ҳуқық қорғаў қатнасықлары деп тән алынады. Бул ҳуқықый қатнасықлар мәмлекет ҳәм жәмийеттиң ҳуқыққа қайшы ис-ҳәрекетке қарата қарсы жуўабы (реакциясы) тәрзинде жүзеге келеди.

Өзбекстан Республикасында прокуратура уйымлары инсан ҳәм пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин қоргаў бойынша үлкен ўәкилликлерге ийе. Прокурорлардың бундай ўәкилликлери өзине тән қәсийетлерге ийе болып, оған муўапық прокурорлар судларға нызамсыз ҳуқықый ҳүжжетлерди бийкар етиў, пуқаралардың мәплерин қорғаў менен байланыслы мәселелерди шешиў ушын арза менен мүрәжат етиўден баслап, қопал ҳуқық бузарлықларға қарата жынайый қуўдалаўды қозғатыўға шекем болған ўәкилликлерди өз ишине алады. Прокуратура пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў менен бир ўақытта жәмийет ҳәм мәмлекет мәплерин де қорғайды. Себеби, жәмийет ҳәм мәмлекет мәплери тәмийинленбей турып пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин

тәмийинлеў мүмкин емес. Прокуратураның инсан ҳуқықларын қорғаў функциясының мазмуны ҳәм оның потенциалы бул уйым мойнына жүклетилген ўазыйпалардың бирлиги менен сәўлеленеди. Буның үстине прокурорлық бақлаў әмелияты прокурорлардың әмелге асыратуғын инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў, нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаў ҳәм жынайый қуўдалаў көринисиндеги хызметиниң өз-ара байланыслылығы ҳәм бир-бирин келтирип шығарыўын турақлы түрде тастыйықламақта. Прокуратура уйымлары системасының орайласқан тәртипте дүзилиси прокуратураның абзаллығы болып, бул барлық прокурорлардың бирден-бир бағдарда ҳәрекет етиўине, инсан ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўда жүзеге келген машқалаларды келисилген ҳалда ҳәм тезлик пенен шешиў, бақлаў хызметинде болса мәмлекеттиң басқа уйымлары ҳәм лаўазымлы шахсларына ғәрезли болмаў имкәнын береди.

Пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў прокуратура жумысының орайлық ҳәм үстем бағдары есапланады. Прокурорлардың пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўға байланыслы ўәкилликлери тийисли юридикалық механизмлер жәрдеминде тәмийинлениўи ҳәм жәнеде күшейтилиўи керек. Усы жерде илимий адебиятларда келтирип өтилген прокурордың пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўға байланыслы ўәкилликлеринен келип шығыўшы нызамлы талапларын орынламағаны ушын қатаң юридикалық жуўапкершиликти енгизиў зәрүрлиги ҳаққындағы пикирлер дыққатқа ылайықлы[19]. Прокурорға, сондай-ақ, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў системасындағы пуқаралардың конституциялық ҳуқық ҳәм еркинликлерин бузыўшы ўәкиллик уйымлары ямаса сайлап қойылатуғын лаўазымлы шахслардың ўәкилликлерин тоқтатыў ҳаққындағы мәселени суд тәртибине қойыў ҳуқықының берилиўи де орынлы болады.

Прокуратураның пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўдан ибарат болған ҳәмде ҳәр түрли ҳуқықты қоллаў ҳәрекетлерин өз ишине алған кең көлемли хызмети ҳуқықый нормалардың әмелге асырылыў формалары арасында айрықша орын ийелейди. Бунда прокуратура ўәкилликлери өзине тән қәсийетлерге ийе болып, бул олардың конституциялық дәрежеде норматив-ҳуқықый беккемлениўин талап етеди. Пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаў уйымы сыпатында прокуратураның нәтийжели жумыс ислеўин ҳәм бул бойынша барлық ҳәкимият тармақлары ҳәрекетлерин муўапықластырыўға тийисли ҳуқықый тийкарларының жетилистирилиўи «өз-ара тыйып турыў ҳәм тең салмақлылықты сақлаў системасы»на пропорционал түрде алып барылыўы керек.

Прокурорлар өзлерине берилген ўәкилликлер шеңберинде арнаўлы нызамлардың орынланыўы үстинен бақлаўды әмелге асырады. Бул жағдай, яғный прокурорлар

[19] Ибрагимов З.С. «Давлат ҳокимияти тизимида прокуратуранинг ўрни ва роли» мавзусидаги юридик фанлар доктори илмий даражасини олиш учун ёзилган диссертация. Тошкент-2010.

тәрепинен усы нызамлардың орынланыўының бақлап барылыўы олардың конституциялық статусына толық сәйкес келеди. Буннан тысқары, прокурор тексериўлери процесинде нызам талапларының бузылыўы бойынша анықланған жағдайларға қарата ғана прокурор бақлаўы ҳүжжетлери қолланылады. Бул да прокурорларға берилген ўәкилликлер шеңберине сәйкес келеди, себеби прокурорлар нызамлардың анық ҳәм бирдей орынланыўы үстинен бақлаўды әмелге асырады.

Нызам талапларына муўапық, прокуратура уйымлары тәрепинен оператив-қыдырыў жумысын, сорастырыў ҳәм дәслепки тергеўди әмелге асыратуғын уйымлардың жынаятшылыққа қарсы гүрес бойынша жумысы муўапықластырылады. Мәмлекетимизде бул хызмет пенен шуғылланыў ўәкиллиги прокуратура уйымларынан тысқары ишки ислер мекемелери ҳәмде миллий қәўипсизлик ҳәм бажыхана хызмети хызметкерлери тәрепинен әмелге асырылады. Сол себепли, прокуратура уйымлары тәрепинен тек усы уйымлардың ғана жынаятшылыққа қарсы гүрес жумысын муўапықластырыў ўазыйпасының әмелге асырылыўы әмелдеги нызамшылық талапларына сәйкес келеди.

Бирақ, прокуратура уйымларының усы хызмети бойынша жүзеге келген әмелият ҳәм топланган тәжрийбелер анализи жынаятшылыққа қарсы гүрес жумысын муўапықластырыў процесине тек ғана жоқарыда атап көрсетилген уйымлар емес, ал, додаланып атырылған мәселелер мазмунына қарап жергиликли ҳәкимият уйымлары, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары, басқа мәмлекетлик уйымлар ҳәм мекемелер ҳәмде жәмийетлик бирлеспелер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа институтлары менен бирге арнаўлы суд ҳәм әдиллик мекемелериниң де тартылыўын көрсетеди. Сондай-ақ, муўапықластырыўшы кеңеслердиң мәжлислеринде усы тараў уйымларының жынаятшылыққа қарсы гүрес мәселелериниң де додаланыўы унамлы нәтийжелер берип атырғаны бизге белгили. Себеби, бир қатар жынаятларды келтирип шығарыўшы шәрт-шәраятлар тийкарында ҳәкимшилик ҳуқықбузарлықлардың жатырганлығы ҳәм бул нызамсыз ис-ҳәрекетлерди өз ўақтында сапластырмаў ақыбетинде олардың жынаят көринисинде сәўлелениўине алып келиўи тәбийий.

Белгили болғанындай, прокуратура уйымларының муўапықластырыў хызметин әмелге асырыў тәртибин «Прокуратура ҳаққында»ғы нызам шеңберинде толық жарытылыўы оғада қыйын мәселе. Соның ушын да бул жағдай толық түрде басқа нызам ҳүжжетлеринде анық көрсетилиўи дурыс болады. Бундай нызам ҳүжжети сыпатында Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен тастыйықланатуғын арнаўлы Режениң ислеп шығылыўын ю.и.д З.С.Ибрагимов тәрепинен усыныс етилген[20].

---

[20] Ибрагимов З.С. «Давлат ҳокимияти тизимида прокуратуранинг ўрни ва роли» мавзусидаги юридик фанлар доктори илмий даражасини олиш учун ёзилган диссертация. Тошкент-2010.

Әмелдеги нызамшылыққа муўапық, прокуратурага жергиликли ҳәкимияттың ўәкилликли уйымларының қарарлары үстинен бақлаў ўәкиллиги берилмеген. Усы мүнәсебет пенен Өзбекстан Республикасының «Прокуратура ҳаққында»ғы нызамына төмендеги редакциядағы, яғный «Прокурорлар өзиниң жумысында жергиликли ҳәкимияттың ўәкиллик уйымлары тәрепинен қабыл етилип атырган қаралардың нызамлылығын үйрене отырып, оларды Өзбекстан Республикасы Конституциясы ҳәм нызамларына қайшы қабыл етилгенлиги ҳаққында жуўмаққа келсе, бул ҳаққында Өзбекстан Республикасы Бас прокуроры арқалы Конституциялық судқа бундай қарарларды бийкар етиў ҳаққындағы мүрәжат пенен шығыўы мүмкин»лиги ҳаққында қосымша киритилиўи ҳаққында ю.и.д З.С.Ибрагимовтың[21] пикирлери дыққатқа ылайықлы. Илимпаздың пикиринше, Өзбекстан Республикасы Конституциясының 118-статьясына Өзбекстан Республикасы аймағында нызамлар менен бир қатарда, Өзбекстан Республикасы Президентиниң норматив-ҳуқықый ҳүжжетлериниң анық ҳәм бирдей орынланыўы үстинен бақлаўды Өзбекстан Республикасы Бас прокуроры ҳәм оған бойсыныўшы прокурорлар тәрепинен әмелге асырылыўы ҳаққындағы норманы киритиў, бул бойынша қәлиплескен әмелиятты нызамлы беккемлеўге хызмет еткен болар еди.

Прокуратура уйымлары алдындағы актуал ўазыйпаларды шешиў өз-өзинен прокуратура хызметкерлериниң профессионал дәрежеси ҳәм жуўапкершилигин де жәнеде күшейтиўди талап етеди. Сонлықтан, нызамшылыққа әмел етилиўи үстинен бақлаў орнатыў керек болған системаның хызметкерлери арасында улыўма тән алынған әдеп-икрамлық ҳәм жүрис-турыс қағыйдаларына бойсыныў, нызам талапларын сөзсиз орынлаўда басқаларға өрнек болыўы ҳәмде жоқары руўхый ҳәм инсаный пазыйлетлер ийесин тәрбиялаўға қаратылған нызамшылық базасын буннан былай да жетилистириў шәрт. Себеби, буннан еки әсир бурын билдирилген «ең үлкен жынаят-нызам қорықшылары тәрепинен исленген жынаят»[22] деген пикир бүгинги күнде де өз әҳмийетин жойытпаған. Соның ушын прокуратура уйымларына хызметкерлерди таңлап алыў ҳәм кадрлар резервин қәлиплестириў, аттестациядан өткериў, сондай-ақ, тәжрийбесин асырыў системасын еледе раўажландырыў тийис. Булардың барлығы прокуратура уйымлары хызметкерлери тәрепинен өз хызмет ўазыйпаларын ҳадал ҳәм ҳүжданлы түрде орынланыўын тәмийинлеўде қосымша қурал ролин атқарады.

Өзбекстан Республикасының «Прокуратура ҳаққында»ғы нызамының 45-статьясында прокурорлардың жумысын нызам тийкарында баҳалаўдың анық өлшемлерин

---

[21] Ибрагимов З.С. «Давлат ҳокимияти тизимида прокуратуранинг ўрни ва роли» мавзусидаги юридик фанлар доктори илмий даражасини олиш учун ёзилган диссертация. Тошкент-2010.

[22] Абу Наср Фарабий «Фозил одамлар шахри».-Т.,1993.-Б.42

белгилеп беретуғын нормалар нәзерде тутылған. Оған муўапық, прокурорлар жумысын баҳалаўдың тийкарғы өлшемлери нызамлылықтың жағдайы ҳәм пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлериниң, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң нызамлы мәплериниң қорғалыўының тәмийинлениўи есапланады. Сол себепли, усы өлшемлерди үйрениў ҳәм баҳалаўдың ҳуқықый механизмин де жетилистириў зәрүр. Буның ушын прокурор жумысын баҳалаўда бар болған статистикалық мағлыўмат, информация ҳәм басқа да салыстырмалы, есабат ҳәм жыйнақ көрсеткишлерин салыстырмалы анализлеў менен бир қатарда, белгили аймақтағы нызамлылықтың аўҳалын үйрениўге қаратылған мониторинглер өткериў әмелиятын енгизиў мақсетке муўапық екенлиги ҳаққында айтылған. Бул жумыста мәмлекетлик емес, коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа институтлары, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллериниң қатнасыўы мақсетке муўапық. Буннан тысқары, Өзбекстан Республикасының ҳуқықый сиясатын әмелге асырыўда мәмлекетлик уйымлар жумысын муўапықластырыў ўазыйпасы жүклетилген Әдиллик министрлиги ҳәм оның орынлардағы бөлимлери хызметкерлерин де усы жумысқа тартыў, бул бойынша белгили қалыслық ҳәм әшкаралықты тәмийинлеўге хызмет етеди.

Мәмлекетлик ҳәкимияты уйымлары системасында инсан ҳуқық ҳәм еркинликлериниң әҳмийетли қорғаўшысы сыпатында жумыс алып барып атырған прокуратура уйымлары тәрепинен пуқаралық жәмийети институтлары менен бирге ислесиўде мәмлекетте инсан ҳуқықларының тәмийинленгенлик жағдайы ҳаққында мәўсимлик (жыллық ямаса ярым жыллық) маглыўматлар таярлаў ҳәм оларды басып шығарыў әмелиятын жолға қойыў белгили мәнисте прокуратура уйымларының усы тараўға байланыслы хызмети ҳаққында кең жәмийетшиликтиң жақыннан хабардар болыўын тәмийинлейди.

## ЖУЎМАҚЛАЎ

Республикамызда суд-ҳуқық реформаларын басқышпа-басқыш әмелге асырыў процесинде прокуратура уйымлары хызметине де үлкен дыққат аўдарылмақта, себеби олар Өзбекстан Республикасы аймағында нызамлардың анық ҳәм бирдей орынланыўы үстинен бақлаў алып барыўшы, ҳәкимияттың бирде-бир тармағына кирмейтуғын, тек ғана нызамға бойсынып, бийғәрез жумыс алып баратуғын арнаўлы уйым болып табылады.

Прокуратура уйымларының статусы, дүзилиси (структурасы), ўазыйпалары ҳәмде хызмет көрсетиў формаларының өзгертилиўи мәмлекеттеги жағдайға пропорционал рәўиште әмелге асырылыўы тийис. Бул жерде енди тийкаргы мақсет нызамлылық ҳәм ҳуқықый тәртипти тәмийинлеў ушын, сондай-ақ, инсанның ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин нәтийжели қорғаў ушын ҳақыйқый кепилликлердиң жаратылыўы болып табылады.

Диссертация темасын изертлеў нәтийжесинде төмендеги жуўмақларға келинди:

1. Прокуратура уйымлары өз функцияларын Өзбекстан Республикасы атынан әмелге асырады. Сол себепли, прокуратураның барлық бағдарларындағы жумысын мәмлекет атынан әмелге асырыўға байланыслы статусын Конституция ҳәм «Прокуратура ҳаққында»ғы нызамда беккемлеў мақсетке муўапық. Соның ушын, Өзбекстан Республикасы Конституцисы ҳәм «Прокуратура ҳаққында»ғы нызамының тийисли бәнтлерине Өзбекстан Республикасы прокуратурасын Өзбекстан Республикасы Бас прокуроры басшылық ететуғын, бирден-бир орайластырылған ҳәм Өзбекстан Республикасы аймағында нызамлардың анық ҳәм бирдей орынланыўын *Өзбекстан Республикасы атынан* бақлап барыўшы мәмлекетлик уйым деген формада өзгерис киритилиўи керек.

Себеби, прокуратураның нызамлар үстинен бақлаў функциясын Өзбекстан Республикасы атынан әмелге асырылыўының тиккелей Конституцияда беккемлеп қойылыўы, оны мәмлекетлик бақлаўдың абырайлы түрине айландырады.

2 Өзбекстан Республикасы Бас прокурорына Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилис палаталарының мәжлислеринде қатнасыў ҳуқықы берилген. Буннан тысқары, Өзбекстан Республикасы Бас прокурорының Өзбекстан Республикасының барлық мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм баскарыў уйымлары мәжилислеринде, төмен турыўшы прокурорлардың болса арнаўлы түрде жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты ҳәм басқарыўдың тийисли уйымлары мәжилислеринде қатнасыўы мүмкин екенлиги де белгиленген.

Бундай әмелият өз нәўбетинде, тек ғана прокурор бақлаўын шөлкемлестириў ҳәм режелестириўде қол келип ғана қоймай, ал прокурорларды белгили аймақтағы сиясий, социаллық, экономикалық ҳәм руўхый орталық ҳаққында толық ҳәм анық мағлыўматлардан хабардар болып турыўына хызмет етеди.

Тап усы сыяқлы Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң депутатлары ҳәм сенаторлары ҳәмде жергиликли ўәкиллик уйымлары депутатларын тийислисинше прокуратура уйымларында өткерилетуғын президиум мәжилислеринде ҳәм муўапықластырыўшы кенеслер жыйналысларында қатнасыў ҳуқықын әмелдеги нызамшылықта белгилеп қойылыўы, халық ўәкиллериниң де прокуратура уйымларының жумысынан тиккелей хабардар болып турыўын тәмийинлеген болар еди.

Усы мүнәсебет пенен «Прокуратура ҳаққында»ғы Нызамға Өзбекстан Республикасы Бас прокуратурасы ҳәм басқа барлық топардағы төмен турыўшы прокуратуралардың президиум мәжилислери, муўапықластырыўшы кенеслер жыйналыслары ҳәм өткерилетуғын оператив мәжилислер (шөлкемлестириўшилик-басқарыў ҳәм индивидуал қәсийетке ийе болған мәселелердиң додаланыўынан тысқары) Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилисиниң депутатлары ҳәм сенаторлары ҳәмде тийисли жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары депутатларының қатнасыўлары мүмкин екенлиги ҳаққындағы қосымшаның киритилиўи мақсетке муўапық. Бул өз нәўбетинде прокуратура уйымлары жумысындағы әшкаралық принципин, бул арқалы болса прокуратура жумысы үстинен жәмийет бақлаўын турмысқа жәнеде кеңирек енгизиўге жәрдем береди. Буннан тысқары, прокуратура уйымлары жумысы үстинен жәмийетлик бақлаўды әмелде енгизиў мақсетинде, «Прокуратура ҳаққында»ғы нызамда (5-статья) ўәлаят, район ҳәм қала прокурорлары нызамшылықтың ҳәм жынаятшылыққа қарсы гүресиўдиң аўҳалы ҳаққында халық депутатлары жергиликли кеңеслерине (зәрүрлик болганда болса, пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымларына да) ҳәр жылы мағлыўмат берип турыўы шәрт екенлиги белгилеп қойылған. Бирақ, усы мағлыўматларды дүзиў ҳәм усыныў тәртибин белгилеўши ҳәмде олардың додаланыўы ҳәм прокурордың усы ҳүжжетин көрип шығыў менен байланыслы басқа процессуал қағыйда ҳам нормалар жоқ.

Сол себепли, барлық дәрежедеги прокурорлардың халық депутатлары арнаўлы кеңеслерине тийисли аймақтағы нызамлылықтың ҳәмде жынаятшылыққа қарсы гүрес жағдайы ҳаққындағы мағлыўматты усыныў ҳәм оларды додалаў ҳаққындағы тәртибин өзинде сәўлелендирген норматив-ҳуқықый ҳүжжет ислеп шығылыўы зәрүр. Бул болса, прокурорлар жумысындағы нызамлылық, демократизм ҳәм әшкаралық принципин турмысқа енгизиўге хызмет еткен болар еди.

3. Әмелдеги нызамшылыққа муўапық, прокуратура жумысы үстинен мәмлекет бақлаўы Өзбекстан Республикасы Президенти, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Сенаты ҳәм Өзбекстан Республикасы Конституциялық суды тәрепинен әмелге асырылады. Бирақ, прокуратура жумысына тийисли бул нормаларды турмысқа енгизиўдиң шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый тәртиби ҳәм тийкарлары толық жаратылмаған. Прокуратура жумысы үстинен бақлаўдың Конституциялық суд тәрепинен әмелге асырылыўы «Прокуратура ҳаққында»ғы нызамда (13-статья) анық белгиленген болса, (Бас прокурор буйрықларының нызамлылығын үйренип барыўға байланыслы), бул бақлаўды Өзбекстан Республикасы Президенти ҳәм Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси тәрепинен әмелге асырылыўы, яғный  Бас прокурордың оларға есап бериў сыпатында белгиленген тәртибин әмеллиятқа енгизиў болса арнаўлы ҳуқықый анықлық киритиўди талап етеди (14-статья).

Буннан тысқары, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2005-жыл 15-декабрдеги «Норматив-ҳуқықый ҳүжжетлердиң әмелге-асырылыўы үстинен мониторинг орайын шөлкемлестириў ҳаққында»ғы қарарында бул Орай тәрепинен ҳуқықты қоллаў әмелиятын системалы анализлеў, жаңаланып атырған ҳәм жаңадан қабыл етилип атырған норматив-ҳуқықый ҳүжжетлердиң министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият уйымлары, судлар, ҳуқық қорғаўшы уйымлар, соның ишинде прокуратура уйымлары тәрепинен де қай дәрежеде әмелге асырылып атырылғанлығы үстинен бақлаў алып барыў ўазыйпасын прокуратура уйымларына тийисли көринисин әмелге асырыў механизмин да жетилистириў керек. Атап айтқанда, бундай бақлаўдың әмелге асырылыўын ҳәм оның нәтийжелерин реализация етиўдиң анық механизмлериниң жаратылмағанлығы әмелиятта айырым қарама-қарсылықларды келтирип шығарыўы мүмкин.

Соның ушын да прокуратура уйымлары жумысы үстинен бақлаўға тийисли нызам ҳүжжетлерине Өзбекстан Республикасы Бас прокурорының Өзбекстан Республикасы Президенти ҳәм Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси алдында есап бериў тәртибин әмелге асырыўдың ҳәмде бул тараўдағы Өзбекстан Республикасы Әдиллик министрлиги менен прокуратура уйымлары ортасындағы қатнасықлардың шөлкемлестириўшилик-ҳуқықый тәртибин анықластырыўшы қосымша ҳәм өзгерислер киритиў мақсетке муўапық болар еди.

4. Мәмлекетлик ҳәкимияты уйымлары системасында инсан ҳуқық ҳәм еркинликлериниң әҳмийетли қорғаўшысы сыпатында жумыс алып барып атырған прокуратура уйымлары тәрепинен пуқаралық жәмийети институтлары менен бирге ислесиўде мәмлекетте инсан ҳуқықларының тәмийинленгенлик жағдайы ҳаққында

мәўсимлик (жыллық ямаса ярым жыллық) маглыўматлар таярлаў ҳәм оларды басып шығарыў әмелиятын жолға қойыў белгили мәнисте прокуратура уйымларының усы тараўға байланыслы хызмети ҳаққында кең жәмийетшиликке жақыннан хабардар болыўын тәмийинлеген болар еди.

5. Прокуратура уйымлары нызамда белгиленген барлық бағдарлар бойынша өз жумысын әмелге асырғанда жәмийетти, пуқаралар ҳәм юридикалық шахсларды жынаятлар ҳәм ҳуқықбузарлықлардан қорғаў ўазыйпасын атқарып, ҳуқықбузарлық ҳәм жынаятлардың алдын алыў шараларын көреди. Бунда прокуратура уйымлары ҳуқықый тәртип ҳәм үгит-нәсият жумысларында ғалаба хабар қуралларынан үнемли пайдаланған ҳалда, ҳуқықты қорғаўшы басқа уйымлар менен бирге кең жәмийетшиликти де профилактикалық жумысқа тартады.

Илимий әдебиятларда прокурор бақлаўының предмети ҳәмде прокуратура жумысының тийкаргы бағдарлары мазмунынан келип шығып, «Прокуратура ҳаққында»ғы нызамның 4-статьясы төмендеги мазмундағы екинши жаңа бөлим менен толықтырылыўы ҳаққында пикирлер келтирилген: «Прокуратура уйымлары өз ўазыйпаларын тийкарғы бағдарлар бойынша жумысты әмелге асырыў процессинде жәмийетте ҳуқықбузарлық ҳәм жынаятлардың алдын алыў шараларын көреди. Бул ўазыйпаларды олар басқа ҳуқықты қорғаўшы уйымлар, жергиликли ҳәкимият уйымлары ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары менен биргеликте, пуқаралық жәмийети институтлары менен жақыннан бирге ислесиўде, ғалаба хабар қуралларының имкәниятларынан нәтийжели пайдаланған ҳалда әмелге асырады»[23].

Бул усыныстың тийкаргы мақсети-прокуратура уйымлары тәрепинен криминологик ҳәм виктимологик профилактика менен биргеликте жәмийетте бул хызметке қарата түп бурылысты әмелге асырып, кең жәмийетшилик жәрдеминде нызамбузыўшылық ҳәм жынаятшылыққа қарсы беккем *ҳуқықый иммунитетти* қәлиплестириўден ибарат. Пикиримизше бул усыныслар дыққатқа ылайықлы ҳәм биз оны толық қоллап-қуўатлаймыз.

6. Әмелдеги нызамшылыққа муўапық, прокурордың жумысына нызамға қайшы түрде араласқаны ушын жынайый жуўапкершилик мәселеси белгиленген. Бул жағдай Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексиниң 236-статьясында көзде тутылған болып, онда прокурордың (сондай-ақ, сорастырыўшы, тергеўши ҳәм судьяның да) тек ғана қозғатылған жынаят ислерин шешиўдеги хызметине, яғный жынайый қуўдалаў хызметине араласқаны ушын жынайый жуўапкершилик нәзерде тутылған. Бирақ, прокуратура уйымлары

[23] Ибрагимов З.С. «Давлат ҳокимияти тизимида прокуратуранинг ўрни ва роли». Автореф.дисс…док.юрид.наук.-Т.,2010.

жумысының тийкаргы ҳәм үстем бағдары болған прокуратура уйымларының нызамлардың анық ҳәм бирдей орынланыўы үстинен бақлаў хызметин әмелге асырыўға нызамсыз араласыў ҳәм прокуратура хызметкерлериниң бул жумысына тосқынлық еткени ушын жуўапкершилик жынаят нызамшылығында көрсетилмеген.

Бул бойынша прокуратура уйымларының бақлаў хызметине араласып, прокурордың нызамсыз қарар қабыл етиўине ерисиў мақсетинде оған қандайда-бир тәсир көрсетиў, сондай ҳәрекетлери ушын ҳәкимшилик жаза қолланылғаннан соң садыр етилсе, жынайый жуўапкершиликке тартыў ҳаққындағы мәселениң шешилиўи ҳаққындағы ю.и.д З.С.Ибрагимов[24] тәрепинен Өзбекстан Республикасы Жынаят кодексинде баян етилген жағдайларды өз ишине қамтып алған жаңа статьяны киргизиў усынысын қоллап-қуўатлаймыз.

Прокуратура хызметин жетилистириў бойынша баян етилген пикирлер менен бир қатарда, және басқа көплеген пикирлердиң болыўы тәбийий. Ең тийкарғысы прокуратура уйымлары системасындағы ҳәр қандай реформалар бул уйымды демократиялық ҳуқықый мәмлекет ҳәм күшли пуқаралық жәмийет мазмунына сәйкес келиўши уйымға айландырыў ушын хызмет етиўи шәрт.

[24] Ибрагимов З.С. «Давлат ҳокимияти тизимида прокуратуранинг ўрни ва роли» мавзусидаги юридик фанлар доктори илмий даражасини олиш учун ёзилган диссертация. Тошкент-2010.

## Пайдаланылған әдебиятлар дизими

### 1. Басшы әдебиятлар

1.1 Каримов И.А. Адолат-қонун устуворлигида. Халқ сўзи. 2001. 30 август.

1.2 Каримов И.А. «Ўзбекистон 21 аср бўсағасида: ҳавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолатлари». Ўзбекистон.-1997.

1.3 Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт пировард мақсадимиз. Т4.-Т.: Ўзбекистон. 2000. 7-б.

1.4 Каримов И.А. Биз танлаган йўл-демократик тараққиёт ва маърифий Дуне Билан ҳамкорлик йўли. Т 11. –Т.Ўзбекистон,2003.-480 б.

1.5 Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз-жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир.// Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисидаги маъруза.-Т.:Академия, 2005.-120 б.

1.6 Каримов И.А. Инсон, унинг ҳуқуқлари ва эркинликлари, манфаатлари энг олий қадрият. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси

қабул қилинганинг 13 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маърузa.// Халқ сўзи, 2005 йил, 10 декабрь.

1.7 Каримов И.А. Эришилган ютуқларни мустаҳкамлаб, Янги марралар сари изчил ҳаракат қилишимиз лозим. 2005 йилда мамлакатни ижтимоий-иқтисодий ривожлантириш якунлари ва 2006 йилда иқтисодий ислоҳатларни чуқурлаштиришнинг энг устувор йўналишларига бағишланган Вазирлар Маҳкамаси мажлисидаги маърузa.// Халқ сўзи, 2006 йил 11 февраль.

1.8 Каримов И.А. Мамлакатни модернизация қилиш ва кучли фуқаролик жамиятини барпо этиш-устивор мақсадимиз. Президент И.А.Каримовнинг Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажилисидаги маърузаси.- «Халқ сўзи» газетаси. 28.01.2010. №19.

1.9 Каримов И.А. Мамлакатимизда демократик ислоҳатларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси. Президент И.Каримовнинг Олий Мажлис палаталарининг қўшма мажлисидаги маърузаси.- «Халқ сўзи» газетаси №220 13.11.2010 й

1.10 Каримов И.А. «Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида». Т.:»Ўзбекистон» 2011. 439 б.

## 2. Нызам ҳәм нызам асты норматив ҳүжжетлер

2.1 Ўзбекистон Республикаси Конституцияси.-Т.:Ўзбекистон, 2008.

2.2 Өзбекстан Республикасының «Прокуратура ҳаққында»ғы Нызамы (жаңа редакцияда) 2001-жыл 29-августта қабыл етилген.

2.3 Ўзбекистон Республикаси Бош прокурорининг амалдаги буйруқлари, кўрсатмалари, низом ва йўриқномалари тўплами. -Т.: Тошкент, 1999.

2.4 Ўзбекистон Республикаси Бош прокурорининг Ўзбекистон Республикаси Прокуратураси идораларида иш юритиш ва ҳужжатлар ижросини назорат қилиш тўғрисидаги Йўриқномаси. -Т., 2001.

2.5 Ўзбекистон Республикаси Олий Суди Пленуми қарорларининг тўплами 1991-2006 й. -Т.: «O'qituvchi», 2007.

2.6 Ўзбекистон Республикаси Бош прокурорининг буйруқлар тўплами. Ташкент.-2005.

**3. Арнаўлы әдебиятлар**

3.1 Абдумажидов Г. Роль прокуратуры в приминении мер принуждения // Давлат ва хукук. - 2003, - №2. – С. 32.

3.2 Алексеев А. Прокуратура как институт государственной власти. // Уголовное право. - 2002, - №2. – С. 100.

3.3 Алламуратов А., Насибов А. Конститутционные основы прокурорского надзора за законностью в сфере осуществления хозяйственной деятельности // Ўзбекистон Республикаси Конститутцияси – давлат ва жамият ислоҳатининг ҳуқуқий асоси. –Т.: ТДЮИ, 2003. 203-206 Б.

3.4 Басков В.И. Прокурор назорати. Дарслик-М., Бек нашриёти, 1998.

3.5 Березовская С.Г. Охрана прав граждан прокуратурой. М., 1994.

3.6 Гаврилов В.В. Сущность прокурорского надзора.-Саратов, 1984

3.7 Давлетов А.Д. Прокурорский надзор.-Нукус.:Билим, 1999.

3.8 Жасимов И.К. Суд-ҳуқуқ ислоҳатлари ва инсон ҳуқуқлари ҳимоясидаги прокуратуранинг бугунги кундаги ўрни.-Т., ТДЮИ, 2004.-120 б.

3.9 Ибрагимов З.С. Давлат ҳокимияти тизимида прокуратуранинг ўрни ва роли. Автореферат. Юридик фанлари доктори илмий даражасини олиш учун тақдим этилган диссертация. Тошкент-2010. С. 54.

3.10 Кадыров Р. По пути законности и справедливости // Народное слово. 2003 г. 6 августа.

3.11 Қасымова М. Создание и развитие советской прокуратуры в Узбекистане: Дис.канд.юрид.наук.-Т., 1965; Она же. Прокуратура Узбекской ССР на страже социалистической законности.-Т.: «Фан», 1965.

3.12 Клочков В.В. Методологические вопросы организации и деятельности прокуратуры // Проблемы теории законности, методологии и методики прокурорского надзора. М. 1994. С.11-12.

3.13 Ломовской В.Д. Прокурорско-надзорные правоотношения.-Ростов: Изд-во Ростовского ун-та, 1987.-68 с

3.14 Маннанов В.Р. Борьба за укрепление социалистической законности в Туркестанской АССР и создание советской прокуратуры: Дис.канд.юрид.наук.-Т., 1967

3.15 Махбубов М. Создание и развитие органов прокуратуры в Узбекистане. Автореферат дисс. на соиск. учен. степ. док. юр. наук. Т.: 1993 г. С. 28.

3.16 Мельников Н.В. Прокурорская власть // Государство и право. 2002, №2. 15 с.

3.17 Морозова В. Какой будет прокуратура? // Санкт-Петербургские ведомости. 1997. 2 июля.

3.18 Мелкумов В.Г. Советская прокуратура и проблемы общего надзора.-Душанбе. 1970.

3.19 Новиков С.Г., Рагинский М.Ю. Прокуратура в системе советского государственного аппарата //Правоведение, 1974,-№3.45-46 с

3.20 Оқилов О. Парламент назорати ва прокурор назорати-ҳамкорлик шакллари ва муаммолар// Давлат ва ҳуқуқ.-Т., 2002-№2

3.21 Прокурорский надзор: Учебник. 6-е изд., перераб. и доп. — М.: Высшее образование, 2005.

3.22 Прокурорский надзор в России. Учебник / Под ред, А.А. Чувилева. — М.: Юристь, 2000.

3.23 Прокурорский надзор: Учебник для вузов / Под.ред. проф. А.Я.Сухарева.- М.: Издательство НОРМА, 2003.

3.24 Прокурорский надзор: Учебник для вузов / Под.ред. проф. О.А. Галустьяна.- М.: Издательство ЮНИТИ-ДАНА, Закон и право, 2004. – 399 с.

3.25 Пўлатов Б.Х. Қонунлар ижроси устидан прокурор назорати. – Т.: Ҳуқуқ ва бурч, 2006. Он же Теоретические основы совершенствования законодательного регулирования и практики участия прокурора при рассмотрении уголовных дел в судах. 9 монография)-Т.:Фан, 2002. Он же Пўлатов Б.Х. Жиноятчиликка қарши курашни амалга оширадиган уйымлар томонидан қонунларнинг ижро этилиши устидан прокурор назорати.-Т.:2007.

Он же Адолат-прокурор назоратининг мезони // Хаёт ва конун. – 2002, №2. 57 б.

3.26 Рахманкулов А. О некоторых проблемах обеспечения прав и законных интересов потерпевших от преступлений путем осуществления прокурорского надзора // Демократизация и права человека. - 2005. -1 (25). - С. 125-127.

3.27 Решетников Ф.М. Правовые системы стран мира. Справочник.- М.:1993.

3.28 Рустамбоев М.Х. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси ва прокуратура / Маъсул муҳаррир проф. А.Х. Саидов. - Т.: - ТДЮИ, 2005.

3.29 Рустамбоев М.Х., Никифорова Е.Н., Правоохранительные органы Республики Узбекистан. -Т., 2003. Они же. Прокуратура в правовом государстве // Правда Востока. - 2002, 21 ноябрь.

3.30 Скуратов Ю.И. Роль прокуратуры в укреплении законности и правопорядка // Законность. 1996. №12. С.5.

3.31 Таджиханов У. Закон.Человек.Государство.-Т.,1997.-239 с.; Рустамбоев М.Х. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси ва прокуратура.- Т.:2005.-84 б

3.32 Халимов А.Х. Прокуратуранинг давлат ҳокимияти механизми тизимидаги ўрни. Т.: ТДЮИ, 2006. 95 б.

3.33 Эсанов М., Полвонов С.Ё. Тергов ва суриштирув устидан назоратни ташкил этиш.-Т., 1998.

3.34 Яровико К.Ю. Надзорная функция прокуратуры: история и проблемы развития. // Государство и право.-1999. №11. 68 б